ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№160 (23.068) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 20, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ди къуэш республикэхэм

Хуиту зэкІэлъыкІуэнущ

АБХЪАЗ. ***Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ Цхинвал Іэ щыщІадзащ къэралыгъуитІым я цІыхухэр хуиту зэкІэлъыкІуэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.***

ОСЕТИЕ Ипщэм и президент Тибилов Леонид кърихьэлІэу дэфтэрым Іэ щІадзащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ я министрхэу Чирикбэ Вячеславрэ Цховребов Къазболэтрэ.

Урысей Федерацэм Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зи щхьэ хуитыж къэралыгъуэу къыльатащ 2008 гъэм шыщхьэуІум и 26-м. РеспубликитІым я дежкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэшхуэщ икІи илъэс къэс ягъэлъапІэ.

Ябгуэ лъахэм мыхьэнэшхуэ зиІэ, лъэныкъуитІми я сэбэп зыхэлъ Іуэхукіэ зэрыкІуэр къыхигъэщри, гуапэу зэрырагъэблэгъаи папщІэ президент Тибилов Леонид Абхъазым и МИД-м и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ. Чирикбэ жиІащ Іэ зыщІадзэ зэгурыІуэныгъэр лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэзыщІ лъэбакъуэу зэрыщытыр.

Гъавэ бэв кърахьэлІэж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысейм и щыналъэхэм гъавэ бэв къехьэлІэныжмкІэ ябгэ увыпІищыр зыныгъэхэм ящыщ Къэрэшей-Шэрджэсыр.***

МЫ ГЪЭМ мэкъумэшхэкІэр республикэм щы гектар мини 139,3-м щытращІащ. Нэгъабэ елъытауэ ар гектар 1300-кІэ нэхъыбэщ. И ехьулІэныгъэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэсыр Ставрополь краймрэ Адыгэ Республикэмрэ якІэлъэкІуэ.

Щхьэмыж гъавэр Іухьижыныр республикэм и кІэм щынагъэсащ икІи гектар мин 33,7-м къытрахар гуэнхэм щІагъэззэгащ. Ику иту гектар къэс центнер 39,3-рэ кърахьэлІащ. Гъавэ бэв къызэхъулІахэм ящыщщ Прикубань, Адыгэ-Хьэблэ, Нэгуэй районхэм я мэкъумэшыщІэкэр. Прикубанскэм гектар 1839-м гуэдзу тонн 88,3-рэ къытрихащ. Ику иту республикэм гектар къэс гъавэ центнер 48-рэ къыщытрахащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Горох щхъуантІэмрэ нартыху цІынэмрэ

Республикэм пхъащхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмрэ елэжь и предприятэхэм илъэсым и ябгэ мазиблым къриубыдэу хадэхэкІ консерв зэмылІэужьыгъуэу условнэ банк мелуани 130,3-рэ къыщІагъэкІащ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар проценти 125-м нэблагъэкІэ нэхъыбэщ.

Я ЗЭХЭПЪЫКІЭКІЭ якъапщтэмэ, фІэІуГъэхэм ящыщу горох щхъуантІэр условнэ банк мелуан 59,8-рэ, нащэ гъэфІэІуар условнэ банк мелуан 49,1-рэ, помидор гъэфІэІуар условнэ банк мелуан 1,4-рэ, нартыху цІынэр условнэ банк мелуани 2,4-рэ, помидорыпс Іувыр условнэ банк мелуан 14,4-рэ мэхъу. Псори зэхэту заводхэр хадэхэкІ тонн мин 40-м щІигъум елэжьащ. Нобэм ирихьэлІэу горох щхъуантІэмрэ нащэмрэ гъэфІэІун яухащ, адэкІэ банкхэм ираЛъхьэнур помидорымрэ нартыху цІынэмрэщ.

Къэрэлъэгъуапхъэщ «Агро-Инвест», «ЩхъуантІагъэхэмкІэ компание», «Консервпром» Іуэхущапіэхэм хуабжьу лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІар. Абыхэм ягъэфІэІуащ республикэм щагъэхьэзыра консерв псоми и процент 81-м нэблагъэр.

ЩІэгъэхуэбжьауэ мэлажьэ Налшык къалэм иджыблагъэ къыщызэІуаха «ЩхъуантІагъэхэмкІэ компание» заводыр. Ар нэхъ зэлэжьыр горох щхъуантІэмрэ нартыху цІынэмрэщ. ШыщхьэуІум и 18-м ирихьэлІэу предприятэм игъэхьэзыращ горох щхъуантІэу условнэ банк мелуан 22,4-рэ, нартыху цІынэу условнэ банки 8,9-рэ. Предприятэм зыкъуей хуигъэзащ езым игъэкІа хадэхэкІыу тонн мин 22-м щІигъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Гъавэ-2015

ЕтІуанэ хэгъуэм хуокІуэ

Прохладнэ щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и Іуэхущапіэм ябгэ хэгъуэм къриКІуар щыхэкІыхьэжащ.

ГОРОХЫР гектар 3892-м щызэрахьати, тонн 8224-рэ къыщІаІукІащ. Бжьыхьэсэ хьэуэ тонн 20519-рэ, рапсу тонн 684-рэ кърахьэлІэжащ. Гъатхасэ хьэри къехьулІащ - гектар 2185-м тонн 4508-рэ къытрахащ.

Мэкъумэш къэкІыгъэ нэхъыщхьэу - бжьыхьэсэ гуэдзу - яІа гектар 2801-м тонн 74802-рэ къариташ.

Мы зэманым хуит хъэхуэ хьэсэхэр гъавэщІэм хуагъэхьэзыр, сэхуранымрэ нартыхымрэ я щытыкІэм кІэлъполъ, етІуанэ хэгъуэм зыхуащІ, я Іэщым хуогъэтІылъэ.

АРУАН Алий.

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Анкара вилайетым и Іэтащхьэ Гъубжокъуэ Мэшэт дрихьэщІэщ.

Лъэпкъзэлъыгъуазэр махуэ ирехъу!

Псэр мэпІейтей иджыри, гур мэпхъэр. ГукъэкІыжхэм хожабзэри, махуэхэр нэщхьыфІэу щІепщытыкІыж, гъэзуанэ махуэ зыщІэкІа лъэри щІым хуиту толъэт.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетым и профессор Бакъ Зерэ къыззригъэпэща «Нанэ» зекІуэм хэта гупхэм тлъэгъуамрэ къэтщІамрэ, дызыІущІамрэ зэхэтхамрэ сыту къэд хъурэ! Лъэныкъуэ Іэджи къызэщІиубыдэрт мы Іуэху дахэм. Ди лъэпкъэгъуэр куэду щыпсэу къэралым зэ уи лъапэ щебгъэувэхьи къудейри сыт и уасэт! АтІэми, зекІуэм къитІэсар нэхъыбжщ.

ДызэдэщІа къалэ зыбжанэм я щыпІэ дахэхэм датхьэкъуащ. Тырку къэралыгъуэм дащыІущІащ къалэ унафэщІхэм, уэлийхэм. Адыгэм, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ятеуухауэ абыхэм гуапагъэ куэд къыджаІащ. Мэрхэм, уэлийхэм я къуэдзэу, зи дзыхь зрагъэзэщІыкІуу адыгэ лъэпкъым къыхэкІа щІалэхэр зэрыщыІар ди гуапэ хъуащ. Къэралым и щыхэрым и уэлийр адыгэу къыщытщІам, абы дыщыІущІам, зы адыгэ жьэгуфэ дыкъыдэкута хуэдэт. Дауи, дыкъыщыІэзтеувыІащ адыгэ хасэхэми.

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я гъащІэм нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи дыкъыщІепльащ. Абы щыІэ адыгэ къуажэхэр къызэхэткІухьащ, нанэхэмрэ дадэхэмрэ, абыхэм я щІэблэм даІущІащ; абы щыІэ щІалэгъуалэм джэгу дадыхэтащ. Гугъуми, къуажэхэм бзэр зэрыщащхъумар, адыгэ хабзэр зэрыщыізэрахьэр, ижьижьыж лъандэрэ зетхьа хьэщІагъэр зэрахэлъыр нэрылъагъут.

Тыркум и къалэ зыбжанэм зэкъыщызэрагъэпэща «Гъусэ» («Dostlug») хасэм и тхьэмадэ Юксель Гюльсеренрэ «�щІэуэпсибл» («Yedi iklim») хасэм и тхьэмадэ Озайдын Кемалрэ куэдым дыщагъэгъуэзащ тырку гъащІэм, адыгэхэм абы щалэ псэукІэм теухуауэ. Кемалрэ Гюльсеренрэщ Іуэхум и программэр зэхэгъуэвэным телэжьари. Абыхэм къызэрыкъагъэщащкІэ, мыпхуэдэ унэтІыныгъэ иІэу ар япэу зэхащащ, дяпэкІи къыпащэну я гуапэщ.

Іуэхум и къызэгъэпэщащІуэхэм ящыщ Балъкъэр Рафет къэралым и Іуэхущапіэм мыхьэнэ зэриІэр абы зэман кІэщІым наІуэ къыщІащ. Студием и унафэщІ Хъалил Миланэ дыхегъэгъуаза: «Махуищкіэ сабийхэр къызыхэтщэну ди дерсхэм куэд къыщыізэщІедгъэубыдэну ди мурадщ. ЦІыкІухэм езыхэм ящыну сурэтхэмкІэ мультфильм зэхэдгъэувэжынущ, а лэжьыгъэм и щхэхухэр кьхуэзэІутхьурэ. Абыхэм кьедгъэщІэнущ режиссурэр зыхуэдэри, сценарийхэр зэрагъэхьэзыри, макъамэхэм я къэгъэсэбэпыкІэри». ЦІыкІэгъэщыпхъэу къыщІэкІынщ зи гугъу тщІы Іуэхущапіэр зи узынщагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэми егупгъуу зэрадэлажьэр, дуней псом къыщагъэсэбэп мультерапиер и лъабжьэу абыхэм сабийхэм зэрызыкърагъэужьыр.

«Пыл» студием хуэдэу, фестивальыр я Іуэхущапіэкіэ я гъэдахэ ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэм къыщызэІуаха архитектурэ, художественнэ лъэщапіэхэми. Шэч хэлъкъым абыхэми ныбжьыщІэхэм щхьэпэ кУэд къызэрыщІахынум, уеблэмэ гукъыдэж яІэу, уэру дэтхэнэ дерсми хунэсыну ахэр зэреІэр щыпІъагъэкІэ, мы фестивалым и мыхьэнэр зыхуэдэр гурыІуэгъуэ мэхъу.

«Мы гъэм «ХьэтІэхъущокъуэм и хадэ» зэхьыхэм щІэуэ сыт къыхэвгъэхьар, жыІэмэ - ар сабийхэмрэ нэхъыжьхэмрэ яхуэдгъэхьэзыра программэкэр зэпащхьэхуэу жыг хадэм щыпІитІкІэ зэрыщІекІуэкІынурщ. Ауэ тІум щыгъуэми ди мурадыр зыуэ къонэж: гупсысэщІэкІэ, нобэрей гъащІэм хуэкІуэн Іуэху еплъыкІэкІэ ди цІыхухэр къыдэтхъэхынырщ, дахагъэм къыхуедджэнырщ, творчествэм къыхэтшэнырщ, щыпІэ дахэу диІэу, ауэ ябгынахэм гупЫитэ хуедгъэщІыжьынырщ. ЦІыкІуэр щеджэну, щыджэгуну утыкуэр, шатырхэр дэ езым дууэжащ, абыхэм цІыху нэхъыбэ кърашэлІэн хуэдэу дизайнерхэр егугъуащ», - къыджаІащ «ДАХЭ» Іуэхущапіэм и унафэщІ Быдэ Аслъэн.

«ХьэтІэхъущокъуэм и хадэ» зэхьыхэм и етІуанэ Іыхьэр, нэхъыжьхэм тещІыхьар, щыщхьэуІум и 21-м къызэІуахынущ, нэхъ гъэщІэгъуэныж куэд абы къызэщІрагъэубыдэнущ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Мурадыр зыуэ къонэж

● Щэнхабзэ

Ныбжьыщ Іэхэм я зэманыр сэбэп пылъу зэрагъэкІуэнум, абыхэм зэрызрагъэужьынум, зэрызагъэпсэхунум тещІыхьауэ мы гъэми къызэІуахащ «ХьэтІэхъущокъуэм и хадэ» творческэ зэхьхьэр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, ар «ДАХЭ» жылагъуэ Іуэхущапіэм и жэрдэмщ, абы Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэфІэкІ къыщызыгъэлъэгъуа щІалэгъуалэ гуп, архитектору, музыкантУ, дизайнеру, сурэтыщІу, нэгъуэщІхэу, зэуІу щыхъуауэ щІыухэм я гум гуапагъэ иІъхьэным, къалэр дахэ, къабзэ щІыным я къару ирахьэлІэ.

Мы гъэм ещанэу зэхаубла фестивалым щІынальэ зэмылІэужьыгъуэхэм (Тырку къэралыгъуэм, Москва, Грознэ къалэхэм, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, н.) гъуэгджэхэмкІэ я Іэщ Іагъэлі нэхъыбэм зыкърагъэхьэлІащ. «Щэнхабзэхэм я нэпкым» - араш гупсысэ нэхъыщхьэу мыгъэрей зэхьхьэм щыпхьащащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм я мурадхэр гъунапкъэншэщ, я дэтхэнэ хьэщІэми я гур зэрыпсэхун, зэрызауэщІын Іэмал иратыфынущ.

Фестивалым и ябгэ махуищыр нэхъ щІыкІуэхэм хухахащ. Апхуэдэу щыщхьэуІум и 18-м Налшык щыІэ ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэр лъэныкъуэ куэдкІэ къыщІэрэщІат. Хьэуа къабзэм хэту сабийхэм я къэухьым зэрыхагъахъуэр наІуэу, джэгукІэ хьэлэмэтхэр абдеж щекІуэкІырт, абыхэм ядэлажьэрт егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, гуаздджэм и лэжьакІуэхэр. Нэхъыжьхэр хущІэкъурт ныбжьыщІэхэм зэфІэувауэ яІэ гупсысэм зэран зэрыхуэмыхъуным, абы щыгъуэми сабийхэм зэрызыкъызэхъуахьным сакъыу иужь итт. Язныкъуэ щІыкІуэр сурэт щІыкІэм и щхэхуэм щыхагъэгъуазэ щатырхэмкІэ кІуэрт, хэти псысэ теплъэхэр щар зэмыфэгъуэхэм зэкъэзэрыхащІыкІынум хуэпащІэрт, нэгъуэщІхэр удз гъэгъахэр зэрагъэтІысым кІэлъыплъырт.

Мыпхуэдэ Іуэхуэгъуэхэм деж узыхунэсынур кУэдкІэ елъытащ узыгъасэм. Фестивалым ыхьэу, ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэм езым я пщІантІэ цІыкІу яІэжу я лэжьыгъэр зыхуэдэм цІыкІуэр хагъэгъуазэрт «Феномен» абдеж центрым епхауэ лажьэ «Пыл» мультипликацэ студием. Іуэхущапіэр Налшык къалэ къызэрыщызэІуахрэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ильэсит хъууэ араш, арщхьэкІэ и Іуэхущапіэфэм мыхьэнэ зэриІэр абы зэман кІэщІым наІуэ къыщІащ. Студием и унафэщІ Хъалил Миланэ дыхегъэгъуаза: «Махуищкіэ сабийхэр къызыхэтшэну ди дерсхэм куэд къыщІэзэщІедгъэубыдэну ди мурадщ. ЦІыкІуэм езыхэм ящыну сурэтхэмкІэ мультфильм зэхэдгъэувэжынущ, а лэжьыгъэм и щхэхуэм къахуэзэІутхьурэ. Абыхэм кьедгъэщІэнущ режиссурэр зыхуэдэри, сценарийхэр зэрагъэхьэзыри, макъамэхэм я къэгъэсэбэпыкІэри». КъыхэгъэщыпхъэщІ къыщІэкІынщ зи гугъу тщІы Іуэхущапіэр зи узынщагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэми егупгъуу зэрадэлажьэр, дуней псом къыщагъэсэбэп мультерапиер и лъабжьэу абыхэм сабийхэм зэрызыкърагъэужьыр.

«Пыл» студием хуэдэу, фестивальыр я Іуэхущапіэкіэ я гъэдахэ ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэм къыщызэІуаха архитектурэ, художественнэ лъэщапіэхэми. Шэч хэлъкъым абыхэми ныбжьыщІэхэм щхьэпэ кУэд къызэрыщІахынум, ебгъэмэ гукъыдэж яІэу, уэру дэтхэнэ дерсми хунэсыну ахэр зэреІэр щыпІъагъэкІэ, мы фестивалым и мыхьэнэр зыхуэдэр гурыІуэгъуэ мэхъу.

«Мы гъэм «ХьэтІэхъущокъуэм и хадэ» зэхьыхэм щІэуэ сыт къыхэвгъэхьар, жыІэмэ - ар сабийхэмрэ нэхъыжьхэмрэ яхуэдгъэхьэзыра программэкэр зэпащхьэхуэу жыг хадэм щыпІитІкІэ зэрыщІекІуэкІынурщ. Ауэ тІум щыгъуэми ди мурадыр зыуэ къонэж: гупсысэщІэкІэ, нобэрей гъащІэм хуэкІуэн Іуэху еплъыкІэкІэ ди цІыхухэр къыдэтхъэхынырщ, дахагъэм къыхуедджэнырщ, творчествэм къыхэтшэнырщ, щыпІэ дахэу диІэу, ауэ ябгынахэм гупЫитэ хуедгъэщІыжьынырщ. ЦІыкІуэр щеджэну, щыджэгуну утыкуэр, шатырхэр дэ езым дууэжащ, абыхэм цІыху нэхъыбэ кърашэлІэн хуэдэу дизайнерхэр егугъуащ», - къыджаІащ «ДАХЭ» Іуэхущапіэм и унафэщІ Быдэ Аслъэн.

«ХьэтІэхъущокъуэм и хадэ» зэхьыхэм и етІуанэ Іыхьэр, нэхъыжьхэм тещІыхьар, щыщхьэуІум и 21-м къызэІуахынущ, нэхъ гъэщІэгъуэныж куэд абы къызэщІрагъэубыдэнущ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Аэропортым зеубгъу

Ипэкіи ди газетым тедзауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Дунейпсо къуэхьлъатэ къэтІысыпІэ щаухуэну Урысеймрэ Транспортымкіэ и министерствэмрэ ди республикэм и унафэщІымрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІауэ зэрыщытамкІэ.

«2020 гъэ пщІондэ транспорт системэм зегъэужьынкъэрал программэм щыщ мы Іуэхум сом мелард 1,3-рэ теКІуэдэнут. Ухуэныгъэр щекІуэкІыну щІыпІэри яубыдахуат - Бахьсэн, Прохладнэ щІыналъэхэм хиубыдэ Джэдыкъуэ хъупІэм щыщу щы гектар 255-рэ. А зэманым УФ-м Транспортымкіэ и министерствэм лэжьыгъэр 2020 гъэм ирихьэлІэу зэфІихыну триухуат. АрщхьэкІэ мы зэманым Іуэхум зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтащ: аэропортыщІэ комплексыщІэ ямыухуэу, Налшык щыІэр иджырей мардэхэм тету зэрагъэпэщыжынырщ нэхъ игъуэу къалъытащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 20, *махуэку*

♦**Китайм щагъэлъапІэ зэгуэкІуахэм я махуэр - Ци Си фІэщыгъэр зилэр**

♦1721 гъэм Петергоф щагутІыпщащ иджы дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа псыутх телъыджэхэр. А щІыпІэм уардэнэхэри псыутхэри зыхэт ансамбль щыхуэныр зи жэрдэмыр Пётр Езанэрт. Франджым и унафэщІхэм Версаль щалэ хэщІапІэм ехьэехуэ щыІыпІэ телъыджэ Фин псыдзэльэдапІэм щищІыныр и хъуэпсапІэт Урысейм и императорым икІи а лэжьыгъэм къришэлІат архитектор цІэрыІуэ куэд. Иджырей теплъэр игуэгтын папщІэ илъэс щитІым нэблагъэкІэ екІуэкІащ а лэжьыгъэхэр.

♦1812 гъэм урысеидзэм и командующэ нэхъыщхьэу яГъэуващ **Кутузов Михаил**.

♦1915 гъэм дзэм кІулыкъу щищІэну хьыкащ зи ныбжьыр илъэс пщыкІуий иririкъуа **Жуков Георгий** - иужькІэ дзэзешэ лъэщ, Совет Союзым и Маршал хъуар.

♦1945 гъэм СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ ураныр къэгъэсэбэпыным елэжь гупым кІэлъыплъ, зи ІуэхущІафэхэр ящІэхуу щыта комитет хэха.

♦1991 гъэм Эстоние Республикэр къэрал щхьэхуэ зэрыхъужам теухуа унафэ кьищтащ абы и Совет Нэхъыщхьэм.

♦УФ-м щІыхь зиІэ артистхэ, Мейкъуапэ щІыхь зиІэ и цІыху **ЩхьэкІуэмыдэ Нуриет** къыщащІуа махуэщ.

♦КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Ерчэн Казимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Югославием и 4-нэ президенту щыта **Милошевич Слободан** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Индием и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Хэхэс адыгэхэм я литературэр зыдж **Чурей Дыжьын** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уэлъ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 17-18 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 21, *мэрем*

♦1561 гъэм Урысейм и пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Мари е).

♦1911 гъэм Лъурым щІадыгъуКІащ Леонардэ да Винчи и сурэт цІэрыІуэ «Джоконда» зыфІищар. Ар зыхуэзэфІэкІари а музейм щылажьэ, гуэджэхэр щыным хуэІэзэ Перуджи Винченцэт. ИлъэситІ дэкІа нэуэщІ абы и лъэужь техьэу сурэтыр къыщагъуэтыжар, дыгуаХІуэри щагъэтІысар.

♦1964 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ хэм я Сэнэт къыщІэкІащ.

♦1991 гъэм ГКЧП-м къэралым къыщызэрагъэпэща путчым и мурадхэр къызэремыхъулІар наІуэ къэхъуащ, Совет Союзым власти щызыІыбыдыну хущІэкъуахэр ягъэтІысащ.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Артмане Вие** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, ПІалъэ-ПІалъэкІэрэ уэлъ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ

ДелитІ зэгуэгъущ, тІуанитІ зэегъущ.

Іэмалхэр жыджэру къагъэсэбэп

● Банк Іуэхухэр

«Урысейм и Хъуманіэ банк» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ банкым и «Хъуманіэ банк Онлайн» Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм мы гъэм и етІуанэ кварталым щыху мини 110-м щІигъукІэ хэхъуащ. Ар ябгэ мазищым елъытауэ хуэдищкІэ нэхъыбэщ. Псори зэхэту щынальэм и цІыху мин 786-м иджыпсту а Іэмалыр къагъэсэбэп.

ИНТЕРНЕТ-банкингымкІэ, банкым и хэщІапІэхэм мыкІуэу, счетым пыща Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр зэфІахьыфынущ. Къапщтэмэ, абыкІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм, телефон связым хуэзэхэр, ГИБДД-м щыхуатх къуэдыхэр яхуэтынущ, онлайн счетхэр къахуэзІухынущ, «Автоплатёж» Іуэхутхьэбзэм зыпащІэфынущ, апхуэдэу Урысейм и Пенсэ фондым ахъшэ халъхьэфынущ, Хъуманіэ банкым, адрей кредит ІэнатІэхэм я щыхуэхэр яхуэпшыныжынущ, ахъшэу къагъэсэбэпыр зэпабжьыфынущ, нэгъуэщІ кУэди яхуэзфІэгъэкІынущ.

Компьютер щхьэхуэм ирилажьэхэм, щІыпІэ жыжьэм хуэщІа IOS, Android, Windows Phone Іэмэпсымэхэр зиІэхэм онлайн-банкингым зыпащІэфынущ. Кавказ Ищхъэрэ банкым дэлажьэ щІыху мин 212-м «Хъуманіэ банк Онлайн» Іуэхутхьэбзэм къызэригъэпэщ а Іэмалхэр нобэ жыджэру къагъэсэбэп.

«Урысейм и Хъуманіэ банк» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ банкым и пресс-Іуэхущапіэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэкі

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Гъуэгу зэхэкІыпІэм дыкъэсат, ауэ къытхуэгъуэтыну зыдэдгъэзэнур?

Урысей социологэр гугъуехь хэхуащ: абыхэм къахуэгъуэтыркъым «Сыт хуэдэ гъуэгу ди къэралыр зытетыр?» упщІэм и жэуапыр. Капитализмэм дыхьихьауэ дыпсэуэ? Хьэмэрэ коммунизмэм къыщІэнахъэм дытес? Зодауэхэр.

● УпщІэ - жэуап

А ЗЭДАУЭР зэщІигъэпІащ Белоруссиеми и президент Лукашенкэ Александр. «Сыт зищІысыр «урыс дунейр», хэт ар къэзыгупсысар? - щІэупщІащ ар. - «Сэ кІыдзэгуРыІуэрыбам абы къикІыр?»

Ди гъунэгъу дыдэкъм я закъуэкъым къызыгурымыІуэр, езы урысхэми къагурыІуэркъым. ВЦИОМ-м къитахэм ятепщІыхьмэ, урысейхэм я процент 70-м а псалъэр зэхахьхакъым. Зэхэзыхахэм жаІащ абы Украинэр, Къзахъстанри, Абхъазри, Осетие Ипщэри, Прибалтикэм щыщ Іыхьи, уеблэмэ, Сербиери къызэщІиубыдэу.

Апхуэдэ зэІуимыбзыныгъэхэмкІэ къуаншэр социологхэрахъым. Абыхэм упщІэхэр тэмэму ягъэув. Ауэ абыхэм ират жэуапхэр апхуэдизу зэтехуэркъыми, уагъэгузавэ. КъызэрыщІэкІымкІэ, іэпкъ зэкъуэтымыгъэр зи щхьэхэм щызеуэхэр Мавзолеим пэгъунэгъу идеологхэм я закъуэщ. Езы цІыхубэм зэкъуэтыныгъэр щызыхищІэр зэфэнрэ дишхынрэ щІэхэм деж хуэдэщ. Аэр щаухам и деж цІыхухэр гъуэгу зырыз тохьэж. Языныкъуэхэм Европэмкіэ ягъэзэну хущІокъуу, адрейхэр нэгъуэщІ хуейкъым Совет Союзыр зэфІагъэувэжьи фІэкІа. Дауи, ГУАГ-р, парткомхэр, вакъэ хъэзыщхэунэхэр щызэтрихьэ чэзуэхэр хэмыту.

Псори зыгуэрым щогугъ

Социологхэм гу лъыдагъатэ цІыхубэ психологием егъэщІылІа зэщІуащІ зы телъыджи: зыри хуейкъым езыр хэдэу къыхихыну. Псори щогугъ зэгуэрым: щІыдагъэм и уасэр дэкІуеижыным е Лениным хуэдэ гуэрым Кремлым и цІыхубжэшхэр къызэІуихыу къажриІэным - «Гъуэгу тэмэм фытетщ, ныбжьэгъуэх!»

ЦІыхубэм и гуапэщ ар дуней псом щыпашэу, ди къэралыр гъуэгу щхьэхуэ тету телевизоркІэ зэрагъэІур. Ауэ, гъэщІэгъуэнраши, зыри егупсысыркъым а «гъуэгу щхьэхуэр» зищІысым: абы іэпощхьэпохэр иІэ хьэмэрэ ар фочыкъм хуэдэу заншІэ. Зыри щІэупщІэркъым инджылызхэр е франджызхэр, урымхэр е американкэхэр зытет гъуэгур зыхуэдэм. ЗрагъэщІэнуи хуейкъым урысейхэм я процент 70-м.

ЦІыхухэм «гъуэгу щхьэхуэр» зыхуэдэр зыкъзэралытэ щІыкІэм нэгъуэщІи хэтщ. Я нэхьыбэм я гугъэщ мы зэманым зыхэт гугъуехьхэрзи зэраныр нэгъуэщІ къэралхэм кІыткІэтыІэзрахьэ хьэгъэщагъэхэр арауэ. Зытет гъуэгум аэр гъащІэ насыпыфІэм хуишэну. ЗэупщІахэм я процентитху кІудейращ къэралыр кІэрыуТыпщ хуэдэу къэзыльытэр.

Хэт дызибыныр?

Апхуэдэ щхьэрыуэныгъэр ауэ сытми къэхъакъым. Абы и лъабжьэхэм къыщыщІедзэ СССР-р лъэпкъэ иужь цІыхухэр гъуэзэнщэу къызэрыпам. Хэт дэ, иджырей урысейхэр, дызибыныр? Империе абрагъуэм, Февральскэ революцэм, 1917 гъэм и Октябрьм, Сталинизмым, индустрализацэ иным, ГУЛАГ шынагъуэм, драбын хьэмэрэ, Хрущёврэ Брежневрэ е Горбачёврэ Ельцинрэ я дерсхэм дыкъыхэхъукІэ? Хэт и джэлэскІэ дэ дызэрыпсэур? Урысейм чристэм диныр къыхуэзыхьа Владимир игъэува хабзэхэм, хьэмэрэ ныбжьэгъу Лениным и уэсят уахътыншэхэм» дытет?

Властыми цІыхубэми зэІубэу къыбжаІэфынукъым ди къэралым и тхьдэм сыт фІы дыдэу хэлъами, сыт гуузу къыщыхъуами. Сыт хуэдэ хабзэхэм пытщэн ярепи, сытым дыкъыпыкІыпхъэми. Властым зэпыІуедз цІыхухэм щхьэтечу епсэлъэным. Абы жиІэркъым сытыр пэжу щытами, сытыр совет тхьдэтхэмрэ пропагандистхэмрэ къагупсысами.

Ди тхьдэм щыщ сыт хуэдэ іыхьэ дэ щапхъэу къэпщтэн хуейр? Кремлым щыхьа дэтхэнэ властми хьэм иригъэхьырт япэ итар. Сталин щІэрыщІэу елэжьиращ Лениным и щІэинам. Хрущёв хьэІупс ищІащ Салиным и политикэр. Брежневым Хрущёв Кремлым къыщІихуащ. Ельцин тридзащ Горбачёв. Иджы езы «пащтыхь Борис» олигархэм я ажэгъабэу щыта гъэзэнкІэ, къэралыр лъэгуажьэмщІыжу зыгъэтІыса цІыхуу къыщІедзыжь. Властыр иджыри къэс щошынэ езым и тхьдэм, ар зэпымыууэ зэрехьэкІ зэм архивхэр къызэІуихыу, зэми зэхуищІу. Щихъэмрэ «террор плъэжьым» игъэкІуэдахэмрэ зэхегъэзэрыхь.

Псалъэ тарэфарэхэр

Дэ властми, цІыхубэми, пропагандистхэми - тхьдэм егъэщІылІа псалъэ тарэфарэхэр сыт щыгъуи фІыуэ тлъагъуу щытащ, иджыри дольагъу. Ауэ абыхэм тхьдэм и деж кІэ мыхьэнэ гуэри яІакъым. Совет властым и зэманым апхуэдэ псалъэхэр куэд дыдэу щыІащ.

«Фіы зигу илъ цІыхухэр», «зэкъуэш партхэмрэ лъэпкъэмрэ», «лъэпкъэм я фІэфІыныгъэр хуиту къагъэлъагъуэ», «Совет-хэм я лъэбакъуэ инхэр», «Дунейпсо цІыхубэр ипэкІэ зыгъэкІуэта къару». Сыт хуэдизрэ газетхэм дыкъыщеджа, «капитализмэр зэрызэтефыхьым», «США-м и политикэ бзаджэм кІэ зэригъэзам е «Европэ кризисым и лъэхъэнэщІэм»?

Ауэ къулейсизыгъэм, мэжащІалІагъэм, зэІуимбзыныгъэм дызэрыхэхуэу, а псалъэ тарэфарэхэм дыкъыпыкІырти, щІэрыщІэу гупсысэн щІэдзэзэрт. А псалъэ тарэфарэхэм хэщІыныгъэу къыгъэхьар зыхуэдизыр къытхуэбжьну? Къытхуэбжамэ, бжьгъэхэм дагъэгужьеинт. Гуауэщ, ауэ сыт тщІэн?

КОСТИКОВ Вячеслав. *Аргументы и факты»*

● Еджапіэ

Ижьымрэ сэмэгумрэ зэрыщІэркъым

Къэзыбжь палатэм къэзыритамкІэ, 2014 гъэм и закъуэ ди къэралым вузхэу, школхэу 592-рэ щыІэхуащІыжащ, 2030-рэ щыІэрахьуэкІащ.

Школыр трахащ

МЫ ІУЭХУР иджыри іокІуэкІ. Бадзэуэгъуэм и пэщІодзэм Иж-Бобья удмурт къуажэм щыпсэуэхэм яраІащ я школыр зэрызэхуащІыжыну. Абы щыгъуэми, цІыхухэм Егъэджэныгъэмкіэ министерствэми, нэгъуэщІ Іэхъущапіэхэми зыхуагъэзат школыр нэхъ мыхъуми (сабий садыр зэрызэхуащІыжрэ куэд щІащ) кІыхуагъэнэну елъэІуу. Арщхьэкіэ біорократхэр нэфи дэгуи ихуэщ: абыхэм я гулыітэр зыхуэгъэзар ахъшэрщ, армыхъумэ, сабийхэркъым: кІуажэ школ щІыкІыр пІыгъыным кІалэ еджапІэр бгъэзэжьным нэхъри нэхъыбэ токІуадэ. Районым и Іэтащхьэм зэхуишэса кІуажэ зэхуэсым ирихьэлІа цІыху 76-м ящыщу 74-м Іэ ІэтащІ школыр кІыхьэтэнэным и телъхьэу (хабзэм ипкъ иткІэ, школыр зэхуащІ хьунукъым абы теухуа унафэ сходым кІымыщтэу). Арати, район унафэщІхэм тхьылъэр ягъэхьэзыру щІадзащ школыр... зэхуащІыжынымэ теухуауэ. Иджы бын зиІэ унагъуэкър кІуажэм дэІэпхъуКІын хуей хъунущ, лІыжь-фызыжьхэр я закъуэ къэнэнущ.

Апхуэдэу куэдрэ кІохъу. Ауэ мис телъыджэ: ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ министерствэм иджыблагъэ хэІущІыУ ищІащ школыщІэ мин 14-м щІигъу щІыналъэхэм щыхуэзыным теухуа программэщІэр. КъуПыкъущІэхэм я мыкІэмытагъыр апхуэдизкІэ жьыкъэ нэсащ, Іэ сэмэгум ищІэркъым Іэ ижьым ищІэр.

«Щэч хэлъкъым: школыщІэхэм дыхуейщ, - жеІэ ВШЭ-м Егъэджэныгъэм зегъэужьынымкІэ и институтым и унафэщІ **Абанкинэ Иринэ**. - Мы зэманым хохъуэ сабий садхэм екІуалІэхэм я бжьыбгъэм. Аэр нэхьыбэщ япэ классхэм щеджэ школзакІуэхэм нэхърэ. Ильэсищым кІыриубыдэу дэ сом мелард 50 хэтлъхьащ сабий садхэр ухуэным. ЖьпІэ хъунукъым дэ а Іуэхур зэпэщу къыдэхъулІауэ. Сабий садхэм иджыри чэзу щыІэщ (и накъыгъэ указхэм Президентым 2016 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу ар ягъэхІуэдыжыну къалэну къыщыгъэува пэтми-**Ред.**) 2016 гъэм къыщыщІэдзауэ школыщІэхэр яуэхуну я мурадщ. Мурадыр зыхуэгъэзар нэгъуэщІ мы хъуми е щанэ сменэр гъэкІуэдыжынырщ».

Ауэ яхуэну? Абы и жэуапыр къэбгъэутыну егъэлеяуэ гугъущ. «Минфиным трегъэчныихь 2016 гъэм и бюджетым федеральнэ мылькукІэ проектышхуэхэр зэфІагъэкІыну къыщыныгъэпсэуныим, - пещэ Абанкинэм. - Егъэджэныгъэ ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ 2016 - 2020 гъэхэм тещІыхьа федеральнэ программэми зи гугъу тщІы ухуэныгъэхэм ахъшэ хухахыныр къыщыгъэльэгъуауэ сэ сщІэркъым».

Дыхуэкіуэжрэ... 1913 гъэм?

- Егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрыт кІулыкъущІэхэм езыхэм я мурадыфІхэм дыхагъэгъуазэ къудейуэ ара? Зы жэрдэмыр нэгъуэщІкІэ зэрахъуэжІ, зы программэм адрейр кІыкІэлъокІуэ. Абы щыгъуэми, егъэджэныгъэ ІэнатІэм Іуэхухэр нэхъри щІэзэІохъэ.

Школхэр яухуэным теухуа мурадхэр яІэми (тхьылъымпІэм итъудейми), щІэныгъэ нэхъыщхьэр къуд дыдэм зэрыпаубыдыным щэч гуэри хэлъжькъым.

ЕгъэджэныгъэмкІэ министр Ливановым кІыльытэу къыщІэкІынущ сабийхэм я нэхъыбэр вузхэм щеджэн хуэмейуэ - курыт щІэныгъэри ярикъунущ. Ар икІи гурыІуэгъуэщ: щІэныгъэншэ гупыр уи жьыІэм щІэбгъэтыну нэхъ тыншщ. Абыхэм зыкъаІэтыныкъым зэхуэмыдэныгъэр ямыдэу.

«Иджыри 2008 гъэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм кІыхилъхьащ къэралым вузхэр зы миным кІигъэкІауэ 150 - 200-м нэскІэ ягъэмэщІэну, нэгъуэщІу жьпІэмэ, 1913 гъэм зэрыщытам нэскІэ иригъэхуэхыну! - жеІэ Къэрал Думэм Егъэджэныгъэмкіэ и комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Смолин Олег**. - Егъэджэныгъэ ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ федеральнэ программэу 2016 - 2020 гъэхэм тещІыхьам къыщыгъэльэгъуащ вузхэм я процент 40-р, абыхэм я къудамэхэм я процент 80-р зэхуащІыжыну. Гурыіуэгъущ Урысейм зэхуэпщІыж хъуну икІи зэхуэщІыжьын хуей вузхэр зэрыщыІэр, ауэ сыщІэупщІэну сыхуейщ: дэнэ къраха а бжьыгъэхэр икІи хэт и Іэпэ къыщІифыкІа? Къудамэхэр куэду зэхуэщІмэ, кІалэ цІыкІуэхэм «уэрыщІпсэуну гугъу ящІ къуажэхэм» къащыщІар къаззэрыпсэлъэр, абыхэм щІалэгъуащІэ зэрыдэІэпхъуКІынур белджылыкъэ? ЩІэныгъэр щамыгъэІэжьыну я мурад? ВЦИОМ-м къызэритамкІэ, зэупщІахэм я процент 48-м жаІэ совет зэманым цІыхухэр нэхъыфІу ирагъаджэу щытауэ. Ар къызыхэкІари мыпхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ».

БОРТЭ Юлие. *«Аргументы и факты»*

● Ингуш

Уэгъур зэран яхуэхъуами...

Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и кІалэнэр зыгъэзащІэ Коостоев Руслан и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Ингушым щызэхалъхьажащ гъавэ Іухьижьгъуэм кІриІуэхэр. ЩІыналъэм хьэцэпэцэ гектар мин 24-м щІигъу щызэщІакъуэжащ, гъавэ тонн мин 43-м нэблагъэ къыщІрахащ.

Хуабжьу зэран хъуащ уэгъур - республикэм къызэрымыкІуэ щытыкІэ щыщагъэувам щыІащ.

Правительствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм зэрыщыжаІамкІэ, район зыбжанэм гъатхэсэ къэкІыгъэхэр щигъуакІащ. ЩІыпІэхэм къыщызэрагъэпэщащ хэщІыныгъэхэр зыхуэдизыр, зыубзыхуну комиссэхэр. ЗэкІэ къызэралытэмкІэ, мэкъумэщхэкІэр гектар мин 18,4-м Іисраф щыхъуащ, хэщІыныгъэхэр сом мелуан 420-м ноблагъэ.

«Аргументы и факты».

● Ди гъунэгъухэм я деж

Пэжу икІи зэІухауэ

Фокладэм и 13-м Ставропольем Іэ щалэтынущ. Крайм и хэхакІуэ, комиссэм и унафэщІ Демьянов Евгений ди упщІэхэм жэуап ярет.

Псори хэхыныгъэхэм фыхэт!

- Евгений, нэхъ щхьэтечу щыгъуазэ дыщІыт хахынуэр зыхуэдизымрэ Іэ зэраІэтыну щыкІэмрэ.

- Хэхыныгъэхэр крайм и муниципалитет 73-м щекІуэкІынущ. Муниципальнэ къэзэгъэпэщыныгъэхэм я Іэтащхьэхэу 53-рэ, депутату 736-рэ хэтхьи хуейщ. Абы папщІэ крайм щолажьэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэу 20, участковэ комиссэхэу 216-рэ щыІэщ.

ЦІыхубэм дзыхь зыхуэзыгъэщІыну хуейкъэр нэхъыбэщ езы мандатхэм нэхърэ. Іэтащхьэхэм я кІулыкъухэм ягъэлъэгуащ кандидат 227-рэ (абыхэм ящІыщу 185-р ятхащ). Депутатхэу зыхэратхэнымк щІыбэнэнущ, цІыху 1312-рэ. ЦІыхубэм и сэбэп зыхэлъхэм хуэлэжьну хуейкъэм яхэтщ езы зыкъэзыгъэлъэгуэжахэм, «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» КПРФ, ЛДПР партхэм, щыщхэр. Парламентым хэмыхьэ партхэри - «Урысейм и патриотхэр», «Хэку», «Яблоко», нэгъуэщІхэри - кандидатхэм щІэбэныныщ.

Минераловод районым хэхыныгъэхэр щекІуэкІынур фокІадэм и 27-рэщ.

Щыщхьэуіуи и 28-м едгъэкІыныгъэ зэІущІэшхуэм щызэхэттъхьэжьнущ хэхыныгъэхэм зыхуэдгъэхьэзырыныкІэ едгъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуэкр.

НыбжьыщІэхэм я деж къыщыщІэдзэн

- Фи лэжьыгъэр зыхуэгъэзар хэхыныгъэхэр евгъэкІуэкІын къудейр ара?

Ар ди лэжьыгъэм щыщ зы Іыхьэ закъуэщ. И мыхьэнэр нэхъ цІыкІуэкъым хэхакІуэхэр хабзэм хэгъэгъуэзэным. Конституцэм ипкъ иткІэ дэ тщыщ дэтхэнэри хуитщ властыр хихыну. А хуитныныгъэр пхыдгъэкІын хуейщ хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ жыдэжру дыхэткІэрэ.

- АтІэ хэхакІуэхэм я жьыджэрагъыр къэтІэтын щхьэкІэ сыт щІэн хуейр?

- ЩІалэгъуалэм, хабгъэзыхьмэ, сабийхэм я деж лэжьыгъэм къыщыщІедзэн хуейщ.

Урысейм и ЦИК-м дэ зыхуэдгъэзащ школхэм я президентхэр хэхыным теухуауэ а махуэм Іэ яІэтыну. Дэ дыхуейт ди къэралым и щІыпІэ псоми апхуэдэ хэхыныгъэхэр зы махуэм щрагъэкІуэкІыну.

ВОЛИК Ольгэ. *«Аргументы и факты»*

● Абы дегъэпІейтей

Гъунапкъэр гъуанэ-пщІанэмэ...

ЯгъэІэпхъуэ крематорийэмкІэ къэрал псом щагъэс е бульдозерхэмкІэ щызэхапІытІэ ди къэралым щэхуу къаша ерыскъыхэкІэр. ЦІыхуэхэм къагурыІуэркъым лажьэ зимыІэ ерыскъыхэкІэр щІым щІыщІатІэм и щхьэусыгъуэр .

АРЩХЬЭКІЭ мы Іуэхум зэуэ сэтей къищІащ ди къэралым и экономикэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэм щыщІэныгъэ инхэр зэрыхэлъыр. Таможнэри, гъунапкъэхъмэ Іэнатіэри гъуанэ-пщІанэхэу къыщІэкІащ. Конгресанцэхэм ятеуауа хабзэр илъэс хъуауэ мэлажьэ, ауэ контробандэм и гъэзэгу зэхуащІыфыркъым. ГъэщІэгъэнщ: сыт щхьэкІэ? Апхуэдэ дыдэуи щІэупщІапхъэщ: сыткІэ дэ дахуей зи къалэнхэр зымыгъэзэщІэф Іуэхущ Іапіэхэм?

КъызэрыщІэкІымкІэ, ди деж щагъэхьэзыра къуейнхэмкІэ, нэкъулъэмкІэ, нэгъуэщІ ерыскъыхэмкІэ ди къэралыр нэхъыбэу якудэхукІэ, ехуэхьи и пІэкІэ, абыхэм я гасэхэр докІуей! Къэтщтэнти «гречка» жьыхэтІэ джэш щыкІыр. Зы тонным и уасэр сом мин 36-м икІри сом мин 40-м нэсу драхуеящ. Дауи, тыкуэнэжми уасэхэм зыщІэІэту хуежьащ. Абы щыгъуэми, ІэщагъэлІхэм зыжьэу жаІэ: джэш щыкІыр лъапІэ щІэхъун щхьэусыгъуэ щыІэкъым. Тыкуэныщхуэхэр зейхэр нэгъабэ къыжьэдкІуэн хуей хъуащ прокуратурэм. Апхуэдэу щыщыткІэ тэмэму лажьэркъым кІэлъыплъакІуэ Іуэхущ Іапіэхэр. АтІэ дэ сыткІэ дахуей абыхэм?

ЕрыскъыхэкІэр зэрагъэкІуэдым рынокым щегъэмащІэ къыщыппэщІэувэфынухэр. Зыхэдэн щыщыбмыІым и деж къыкъуокІ хьэгъэщагъэхэр. Сэхуран дагъэр пальмэ дагъэ, тхъуцІынэр маргарин, фор фошыгу мэхъу. Санкцэхэр якІыхьалъхьа иужь Іуэхур нэхъ ткІий хъуащ. КъызэрыщІэкІымкІэ, ди узынщагъэм щІэбэнын хуей санитар Іуэхущ Іапіэхэри лажьэркъым. Санкцэхэм сфІыуэ къаша закъуэщ а псори сэтей къызэрищІар. Ауэ ар сыт хуэдэу къагъэсэбэпырыну?

«Аргументы и факты».

● Щіыуэпс

Гъэмахуэм Іэжьэ вгъэхьэзыр

Щыгъын хуабэхэр дгъэтІылъыну, гъэмахуэм Іэжьэхэр дгъэхьэзырыну игъуэ хъуащ: урысей, инджылыз еджагъэшхэу гупым жаІэ илъэс 15 нэхъ дэмыкІыну дунейр щІыІэм зэщІиубыдэну.

ПАЩТЫХЬ астроном зэгуэныгъэм Уэльсым щрагъэкІуэкІа зэІуищІэм щІэныгъэлІхэм цІыхухэр къыщыхураджащ мыбэлэрыгъуэм: 2030 - 2040 гъэхэм Темзэрэ Сенэрэ мылым щІигъэнэнущ, Европэмрэ Америкэ Ищхъэрэмрэ мазэ бжьыгъэкІэ темыкІыжьну уэсышхуэ къатегъуэлъхьэнущ. Мис абы щыгъуэ «ди ищхъэрэ гъэмахуэр» жэнэту къытщыхуэнущ климатологхэм къытпэлъэу жьыуаІэ «мыл лъэхъэнэ цІыкІум» нэхъри.

ЖьпІэнщи, нэхъапэм апхуэдэ щыІакІэщ: 1645 - 1715 гъэхэм я зэхуакум щымахуэхэр апхуэдизкІэ щыщыІэти, Европэм щыпсэуэхэм загъэхуэбэн папщІэ уэрамхэм мафІэхэр щащІу щытащ.

Гу лъытапхъэщ урысей, инджылыз еджагъэшхуэхэм я къэхутэныгъэхэр дунейр дяпэкІи нэхъ хуабэ хъуну нэгъуэщІ Іэщ ІагъэлІхэм жаІэхэм зыкІи зэрытемыхуэмы. Абы щыгъуэми, Іуэхум политикэ мыхьэнэ иІэщ: мы зэманым дунейпсо жылагъуэр йогупсыс хьэуам хауТІыпщхэ гуэрэхэр гъэмэщІэн зэрыхуейм - арыншауэ планетэр къыпхуегъэлъыныкъым.

Сыт атІэ дунейр щІыІэ хъуну тезыгъэчыныхьхэм я тегъэщІапІэр? Астрофизикхэм жаІэ псори зэлъытар Дыгъэм и жьыджрагъымрэ абы телъ Іэпапіэхэм я бжьыгъэ зыхуэдизымрэ арауэ - иужьрейр мащІэ зэрыхьуу дунейр щІыІэм зэщІеубыдэ. Апхуэдэу хуагъэфащэ XIX лІэщІыгъэм къыщыщІедзауэ. Ауэ ар щэч къызэытумыхьэну щапхъэхэмкІэ щІэгъэбыдауэ щыткъым. Араши, дыпсэумэ, тлъагъунщ. ИкІи зыхэтщІэнщ.

ЗАБРОДИНЭ Екатеринэ. *«Российская газета»*

ДыгъуакІуэхэр къадэІэпыкъурт

Илъэс 35-рэ ипэкІэ Москва щекІуэкІа Олимпиадэм и закъуэщ социалист къэралыр и тхьдэм хыхьа нэхъ зэпеуэныгъэ ин дыдэр.

● Ар зэрыщытар

1980 гъэм Гъэмахуэ джагуэрэр щыхьэрым хэІэтыкІауэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къызэІуахащ. Псори щІэщыгъуэт, псоми дэрэжэгъуэ яхэлът. Ауэ абыхэм я гугъэщ мы зэманым зыхэт гугъуехьхэрзи зэраныр нэгъуэщІ къэралхэм къытКІэлъызэрахьэ хьэгъэщагъэхэр арауэ. Зытет гъуэгум аэр гъащІэ насыпыфІэм хуишэну. ЗэупщІахэм я процентитху кІудейращ къэралыр кІэрыуТыпщ хуэдэу къэзыльытэр.

Хэт дызибыныр?

Апхуэдэ щхьэрыуэныгъэр ауэ сытми къэхъакъым. Абы и лъабжьэхэм къыщыщІедзэ СССР-р лъэпкъэ иужь цІыхухэр гъуэзэнщэу къызэрыпам. Хэт дэ, иджырей урысейхэр, дызибыныр? Империе абрагъуэм, Февральскэ революцэм, 1917 гъэм и Октябрьм, Сталинизмым, индустрализацэ иным, ГУЛАГ шынагъуэм, драбын хьэмэрэ, Хрущёврэ Брежневрэ е Горбачёврэ Ельцинрэ я дерсхэм дыкъыхэхъукІэ? Хэт и джэлэскІэ дэ дызэрыпсэур? Урысейм христэн диныр къыхуэзыхьа Владимир игъэува хабзэхэм, хьэмэрэ ныбжьэгъу Лениным и уэсят уахътыншэхэм» дытет?

Властыми цІыхубэми зэІубэу къыбжаІэфынукъым ди къэралым и тхьдэм сыт фІы дыдэу хэлъами, сыт гуузу къыщыхъуами. Сыт хуэдэ хабзэхэм пытщэн ярепи, сытым дыкъыпыкІыпхъэми. Властым зэпыІуедз цІыхухэм щхьэтечу епсэлъэным. Абы жиІэркъым сытыр пэжу щытами, сытыр совет тхьдэтхэмрэ пропагандистхэмрэ къагупсысами.

Ди тхьдэм щыщ сыт хуэдэ іыхьэ дэ щапхъэу къэпщтэн хуейр? Кремлым щыхьа дэтхэнэ властми хьэм иригъэхьырт япэ итар. Сталин щІэрыщІэу елэжьиращ Лениным и щІэинам. Хрущёв хьэІупс ищІащ Салиным и политикэр. Брежневым Хрущёв Кремлым къыщІихуащ. Ельцин тридзащ Горбачёв. Иджы езы «пащтыхь Борис» олигархэм я ажэгъабэу щыта гъэзэнкІэ, къэралыр лъэгуажьэмщІыжу зыгъэтІыса цІыхуу къыщІедзыжь. Властыр иджыри къэс щошынэ езым и тхьдэм, ар зэпымыууэ зэрехьэкІ зэм архивхэр къызэІуихыу, зэми зэхуищІу. Щихъэмрэ «террор плъэжьым» игъэкІуэдахэмрэ зэхегъэзэрыхь.

Псалъэ тарэфарэхэр

Дэ властми, цІыхубэми, пропагандистхэми - тхьдэм егъэщІылІа псалъэ тарэфарэхэр сыт щыгъуи фІыуэ тлъагъуу щытащ, иджыри дольагъу. Ауэ абыхэм тхьдэм и деж кІэ мыхьэнэ гуэри яІакъым. Совет властым и зэманым апхуэдэ псалъэхэр куэд дыдэу щыІащ.

«Фіы зигу илъ цІыхухэр», «зэкъуэш партхэмрэ лъэпкъэмрэ», «лъэпкъэм я фІэфІыныгъэр хуиту къагъэлъагъуэ», «Совет-хэм я лъэбакъуэ инхэр», «Дунейпсо цІыхубэр ипэкІэ зыгъэкІуэта къару». Сыт хуэдизрэ газетхэм дыкъыщеджа, «капитализмэр зэрызэтефыхьым», «США-м и политикэ бзаджэм кІэ зэригъэзам е «Европэ кризисым и лъэхъэнэщІэм»?

Ауэ къулейсизыгъэм, мэжащІалІагъэм, зэІуимбзыныгъэм дызэрыхэхуэу, а псалъэ тарэфарэхэм дыкъыпыкІырти, щІэрыщІэу гупсысэн щІэдзэзэрт. А псалъэ тарэфарэхэм хэщІыныгъэу къытхуэхьар зыхуэдизыр къытхуэбжьну? Къытхуэбжамэ, бжьгъэхэм дагъэгужьеинт. Гуауэщ, ауэ сыт тщІэн?

КОСТИКОВ Вячеслав. *Аргументы и факты»*

Къэрал кІуэці Іэхъуэжмкіэ министрым и япэ къуэдзэу икІи Брежневым и малъхэру щыта Чурбанов Юрий сэ къызэжиІэжауэ щытащ 1980 гъэм и бадзэуэгъуэм и щхьэ пщэдджыжьым (зыгъэпсэхугъуэ махуэр кІыхахат гу зылърамыгъэтэн папщІэ) Іупхъуэхэр зыІупхъуа «ПАЗ» автобусымкІэ пщыхьэщхьэм Москва щаубыда дыгъуакІуэ унафэщІхэр - псори 23-рэ хъурт - къызэрырашэлІар. Абыхэм епсэлъащ Чурбановымрэ министр Щёлоковымрэ. ДыгъуакІуэ Іэтащхьэм ельэІуащ Олимпиадэм зыщыхуагъэхьэзыркІи, ар щрагъэкІуэкІкІи «езыхэм я унафэм щІэт щІыпІэхэм щІэпхъаджагъэхэр щрамыгъэлэжьыну». ИужькІэ хуащІэныщхуэІауи къагъэгугъакъым.

Шэ минибгъу

ЗэфІагъэкІа Іуэхуэр сэбэп хъуащ. Дауи, «кърым тэтэр спортсмен» гуэри Олимпиадэм щыІакъым, ПТС-м щыщІэхэри Москва къэкІуэфакъым. Ауэ таможенникхэр емытІысхьыу лэжьащ. Абыхэм зэратхамкІэ, СССР-м къаКІуэ цІыхухэм шэ къызэрыкІ Іащ 53-рэ, шэ минибгъум нэс, лагъым зэмылІэужьыгъуэхэу 900, сэ зэмыщхьхэу мин, наркотик килограммым щІигъу, «апхуэдэу идеологие и пьэныкъуэкІэ зэран» тхьылъэу, плакатхэу мин 37,5-рэ хуэдизу къытрахащ. Контрабандэм теухуа Іуэху 2600-рэ къаІэтащ - пэжщ, спортсменхэм я гугъу ящІакъым.

А псоми я фІыгъэкІэ Олимпиадэр зэпІэзэрыту икІи пІейтеиншэу екІуэкІащ. Зы къаугъэш щыІакъым.

БОГОМОЛОВ Алексей. *«Комсомольская правда*

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Иджыблагъэ Тель-Авив къыщыдэкІащ Израилым щыІэ Рихьэние къуажэм дэт Адыгэ музейм и унафэщІ Хьун Щэрыкъий и тхьылъ. Ар теухуащ ди лъэпкъ фащэхэм, тхьапхъэщІыпхъэхэм, тэщэхэм, хьэхъущкъуэхэм. Тхьылъ гъэщІэгъуэныр я гуапэу зэІэпах Рихьэние музейм къекІуалІэ хьэщІэхэм, туристхэм.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Ззэзыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159-хэм итщ).

Гу щылъитэм и ныбжьэгъур къэхъужауэ ІэкІуэлъакІуэ,
Автандилу уз гъэкІуэдыр къобжьыфІэжри мэхъу нэхъ жьакІуэ.
И бзэ ІэфІыр гуауэщхьэуэм, нэщхьеягъуэм трегъакІуэ.
Псалъэм псалъэ ІэфІ недзыжри, псалъэмакъыр ещІ нэхъ гуакІуэ.

Аурэ псалъэхэу зыдэкІуэм, нэхъ тегушхуэу мыхэр жеІэ:
«СынолъэІу мы зымкІэ: жьІэт - сыт апхуэдэу уи гум къеІэр?
Дауи, наІуэщ, фІыуэ плъагъум и хъыбарщ хъуэпсапІэу уиІэр!
Зэгъэнт си гур, къызжепІамэ, лъагъуныгъэу абы хъуиІэр».

Жэуап къетыр: «Фым я фІыжым сыт дэ тІур дытепсэлъыхькІэ,
Ди гуфІэгъуи, ди гукъеуи абы и Іэмыщ1эм щилъкІэ?
Дунейм тету къыщІэкІынкъым кытекІуэн абы дахагъкІэ.
Ауэ сыт и гугъу щІэтщІынур, гуауэ фІэкІ къэтщІынымыкІкІэ!..»

Автандил къопсалъэ: «Сэри сыщІэхъуэпсырт ар къэсщІэну.
ЩызбгъэщІакІэ уи гукъеуэр, сыхуейт сэри мыр бжесІэну:
Ауэ щыхъужІи, сэ сыхуейкъым уэ уи жагъуэ зыкІи сщІыну, -
МынэхъыфІу пІэрэт пщылІым уи гулъытэ тІэкІу хуэпщІыну?

Гъэр уищІащи лъагъуныгъэм, мы дунейм щыІэжкъым плъагъу.
Абы пыткъым псэ, жьэ щІэткъым, ар пхуэхъункъым чанджэщэгъу.
АтІэ сыт Асмат и лажьэр, ари сыт щІебгъэхьыр гугъу?
Къыпхущытщ ар шыпхъум хуэдэу, уи гум щыщІэри елъагъу.

Фяку дэтащ ар Іуэхутхьэбзащ1эу, шыпхъужкІэ уеджэуи щытащ.
Къыдэхъуащ абы пщІэ хуищІу, гурэ псэкІэ бгъэдэтащ.
Къыфхуищ1а Іуэхутхьэбзэм и пщІэу, гъусэ пщІыри къепшэжьащ.
Иджы сыт? Тхьэмыщкіэр гу1эу бгъуэнщІагъ нэщІым къыщІэбнащ».

Адрейм жеІэ: «Икъусыкъужкіэ къызжепІащ уэ псалъэ пэж.
Нестан дзрэ щхьэкІэ пщащэм зрегъэхь гугъу, зегъэлІэж.
Уэр мыхъуатэм сухат гъащІэр, иджы хъуащ тІэкІу зыкъэсщІэж.
Си щхьэр хьэлъэми, псэ спытщи, сокІуэлІэжыр Асмат деж».

ЗэгуроІуэри йоувэ лІыхъужьитІыр шы лъэрыгъым,
ЩыІэ хъункъым екІун псалъэ а щІалитІым я бжьыфІагъым.
ДощІэращІэ дуней нэхур я щытыкІэм, я хьэл зэгъым.
Кърашыфыр благъуэр гъуэмбым я псэлъэкІэм и ІэфІагъым.

Автандил къопсалъэ: «ГъащІэр сэ стыфынущ ныбжьэгъу щхьэкІэ,
Ауэ уэри уи гукъеуэр тІэкІу гъэтІысыт мысыхьэткІэ.
Сыту тщІыну дэ щІэныгъэр, и лъэужьыр щыдмыхуфкІэ,
СыткІэ щхьэпэ мылъкуу диІэр, и сэбэп къыщыдэмыкІкІэ?

Сыт къытхэхъуэр дынэщхъейкІэ? ЩІыщІэдгъэкІри сыт нэпс лей?
Ехьжакъым дунейм зыри Тхьэм имыщІэу, Ар хуэмейу.
Махуищ псэуркъым гъагъа розэр дыгъэмыхъуэу, нэху хуэхейу.
Техуэнщ ди Іэр ди мурадым, яужь дихьэм тегушхуау.

Адрейм жеІэ: «А уи псалъэм щІэстынщ уасэу мы дунейр!
ФІэфІми Іущым ущиякІуэр, абы деляр сыткІэ хуей?
СхуещІэфынчр сыт аргуэру, къыстегупІэм гууэ Іейр?
Ауэ уэри, сэщхьыркъабзэу, хощІыр уи гур, уонэщхъей.

МэткІур шэхур мафІэм теплъхьэм, я хуабагъыр тІуми зыщи.
Ауэ мэжыр, псы лъэІэсмэ, зэщхьэщокІыр а тІур лъэпкъкІэ.
Зым адрейр сэбэп щыхуэхъуэ зэрылъытэгъу щытмэщ гукІэ,
Си гум бампІэу телъым уэри ущыгъуазэщ, уолъагъу нэкІэ.

XXXVII
Тариэл аслъэнрэ къаплъэнрэ зэриукІар жеІэж

«ПхуэсІуэтэнщ-тІэ иджы пэжу щыщІэкІар си нэгу мыбдеж.
КъыщІэдэІуи абы уэри, къызэрыщщыхъуар жьІэж.
Зы гугъапІи сымыІэжу, бампІэр щыхъум нэхъ хьэлъэж,
ЩІезгъэхуну тІэкІу жьы си гум, губгъуэм сохьэри сожьэж.

СыщІэкІауэ хъамыл мэзым, сытетщ бгыпэм сэ сыкъопльыхри.
ЩІэтщ мэз лъапэм аслъэн пІащэ, къаплъэн гуащэр кърехуэкІри.
СыгуфІащ а тІур щысльагъум, гухэлъ ІэфІыр яку дэлъ сфІэщІри,
Ауэ и кІэм сощІ гурыщхъуэ, шэч абы къытызохьэжри.

СакІэлъоплъыр, сыдехьэхри, псэущхьитІым я щытыкІэм.
«Льагъунытгъэ яІэщ», - жиІэу, къогуфІэжыр си гур и кІэм.
Ауэ нэхъри гу лъызэотэ зэрыхъэлъыр губжь джэгукІэм:
ЗэрофыщІыр, зззэрадзри, яфІэщыпэу хьэкІэккъуэкІэм.

Зы тэлай дэкІащ апхуэдэу, и кІэм я гур къэплъыпащ.
Удын хьэлъэхэр зэрадзыр, тІури зэуэ хьийм икІащ.
Къэушыжри льагъунытгъэр къаплъэн гуащэр пыкІуэтащ,
Аслъэн щауэр, ифІэщыпэу, абы нэхъри тегупІащ.

«Сыт а пщІэр уэ акъылыншэм, - жысІэу, ябгэм сыхуилъащ, -
Пунэлат къуахьынщ уэ псоми, льагъунытгъэм уегуэуащ!
Абдеж зездзри а бзаджащІэм, зэ суэгъуэм изудащ.
ІущІэжьынкъым ар зэи гуауэ: и щхьэр арти, пылъэтащ.

Къаплъэн гуащэм сыбгъэдохьэ, хузощІ ІэплІэ, сигу щІэгъууэ,
Іэ дызолъэ, содэжащІэ, ар си щІасэм еслъытауэ.
Ауэ ар къысхуолъ гурыму, нэхъ Іеижу къэгубжьауэ,
СоукІ ари сыщымысхьу, сигури хощІ, къыщІидзэжауэ.

Сыхэтат сабыр сщІыжьну, ауэ щыхъум нэхъ ябгэж,
КъызоІэтри щІым тызодзэ, щыхокІ и псэри абдеж.
Сэ си щІасэм дэрэ дякум дэлъа губжьри сигу къокІыж,
Сакъелами а тІум псэууэ, сфІохьу си гъащІэр нэхъ дыджьж.

БжесІэжащ, къуэш, иджы псори щыщІэкІар си нэгу а щІыпІэм.
ГъэщІагъуэн-тІэ губгъуэ нэщІым сэ ситыну, сихьу бампІэм?
СыщІэхъуэпсми сэ лІэныгъэм, си лъэр нэсыркъым си лІапІэм».
ЖеІэри еух и псалъэр, къелъэлъэхыу нэпсыр напІэм.

Автандили и нэпситІыр хуэмыубыду лІым догуІэ,
ЖеІэ: «ТІэкІу щысхь уигу тхьэмыщкІэм, тумыгъэлъ хьэзабу щыІэр!
Хьэщыкъ хъуау зызыІыгъыфым, гущІэгъу Тхьэм къыхунщІу жаІэ.
ЗэпищІакъым, Тхьэр хуэмейуэ, лъагъунытгъэу фэ тІум фиІэр.

Лъагъунытгъэ гуащІэм ихьыр нэщхъеягъуэ зэи щымыщІэ,
БэшэчагъкІэ абы текІуэм насыпыфІэ мэхъу и гъащІэр.
Хьэщыкъ хъуам бампІэгъэуэу телъыр фІыу илъагъущ къыхуэзыщІэр.
КъохьэлъэкІыр ар губзыгъэм, ауэ делэм зыхимыщІэ».

XXXVIII
Тариэлрэ Автандилрэ бгъуэнщІагъым къэсыжу Асмат зэрыІущІэжар

Автандил ищІа хэщІапІэм йокІуэлІэж лІыхъужьхэр пІащІэу,
Асмат ахэр къыщилъагъум къогуфІэж, дунейр фІэмащІэу.
ЗэрыІущІэу и дэлъхуитІым, къыщеудри магъ щІэрыщІэу,
Магъыр псори, хэщІу я гур, зым зыр гуапэу едэхащІэу.

Асмат жеІэ: «Ди тхьэу Тхьэшхэ, Уэ зы закъуэрщ фІыщІэр зейр,
ГущІэгъуншэ пщІакъым зыри, къыщыбгъэщІым мы дунейр!
Гъунапкъэншэщ уи зэфІэкІыр, уэрщ щІыху цІыкІум ди уэлийр,
ФІыщІэ, щІытхъукІэ сыпхуоупсэ, сщхьэщыпхащи гууэ Іейр!»

Тариэл къопсалъэ: «Нэпсыр псыдзэу си нэм къысфІыщІожыр,
ГурыфІыгъуэу сиІа тІэкІур хьэзаб Іейкіэ сопшынкъыр.
Къыщежьари ар иджыкъым,- ажалщ, дауи, къыскуэнэжыр.
Си гур пщІогъу уэ си щыпхъу цІыкІум!
ПщІэнщэу уи щхьэм лей йохыжыр.

ИрикІутыркъым губзыгъэм, щефэм деж псы, си куэдщ, жиІэу.
СогъэщІагъэ - дэнэ къикІрэ мы си нэпсыр, кІэ имыІэу?
ХуэлІа хуэдэ псы си нитІыр, къыщІоІъадэ мыувыІэу.
Удз гъэгъар зэхэфыщІамэ, гъэгъэжьынкъым теплъэ иІэу».

Автандилым и гур мажэ къыхуепс дыгъэм и деж занщІэу,
ЖеІэ: «ІэфІкъым къэбгъэщІ гъащІэр псэм и щІасэм упэІэщІэу.
Нэхъ спэжьжьэ ар хъухункІэ нэхъри мафІэм сес зыхэсщІэу.
Дауэ хъун уи фІэщ сэ бжесІэр, си гум щыщІэ псор умыщІэу.

Розэм дыгъэ къытемыпсэм, ещІэ фаджэ зэрыхъунур,
Дэ ди дыгъэр бгым адрыщІкІэ щыІэм, сыт тхуэзфІэкІынур?
НэхъыфІщ гум нэхъ зигъэбыдэм, хуэхьын щхьэкІэ къыщыщІынур,
МыпІейтейуэ зиІыгъыфмэщ гур зыхуейм щылъэІэсынур».

Къохъуж аурэ нэжэгужэ гуІэ нэпсым ипсыхьахэр.
Асмат щІыкІуэри къогуфІэжри, бгъэунащІэ нэщІым щІешэ ахэр,
Иреубгъуэ унэ лъэгум алэрыбгъум я нэхъ дахэр,
НыбжьэгъуитІыр йотІысэхри зэхуэгуапэу мэуэршэрхэр.

ПщІыхьэщхьэшхэри къоблагъэ, мафІэ ящІыр, лы ягъажьэ,
Лыри ерыскъыщ, къудеймы, дэщІымыгъуми фадэбжьэ.
Тариэл, тІэкІу шхэм яфІэфІу, елъэІу пэтми, зегъэжьажьэ,
Щыужащ ар шхэным, шхами, тІэкІущ ишхар зэщІихыу и жьэр.

ЦІыхур псалъэм гуапагъ хэлъу, ар зэпсалъэм игу жьы деху.
УедаІуэфмэ абы Іущу, къыхэкІынкъым щІы хъун Іуэху.
ХъыбарыфІым цІыхум и гур къыщІеІэтэ, къетьэнэху,
Гууэ зиІэм игу зэгъэнкъым, ар зыгуэрым хуиІуэтэху.

НыбжьэгъуитІыр, зэбгъэдэсу, пшэплъ къищІыхукІэ уэршэращ,
ТІуми я щхьэм илъ мыгъуагъэр зы хъужьхыу зэхуаІуэтащ,
Я тхъэльанэр пщэдджыжьым шылэ уагъэу зэрадзащ,
Зэ жаІахэр гум нэмысу, тІэу жьІэгъуэ ящІыжащ.

Тариэл къопсалъэ: «Хъункъэ, иджы дэ тІум къэтпсэлъар!
Ди тхьэу Тхьэпсхуэрщ зыльэкІынур пхуищІэжьыну къыскуэпщІар.
Псалъэ щыгтым ЗинаркІэ къыхэтхакъым фадэм ар,
Зэман дапщэ дэмыкІами, гум илъын хуейщ ныбжьэгъу пщІар.

Сыкъегъэлыт, хьэтыр уиІэм, сызыс мафІэм, къысщІэнауэ,
Къэлыдакъым а мафІэсыр щтауч хъуаскІэм щІигъэнауэ.
Зумыгъэсыт уэри лыгъэм, сэ тхьэмыщкІэр Іуэху сыпщІауэ,
НэхъыфІщ кІуэжи, уэ къыппоплъэ дыгъэ нурыр, зэшыпауэ.

Гууэ хьэлъэщ сэ си гууэр, уеблэм Тхьэр сэбэп хуэхъункъым.
Губгъуэ нэщІым сэ сыщІитым гу лъызытэр схуэхьущІэнкъым.
ЩІыху губзыгъэм иэжьыпхъэр схулъэмыкІыу сыпсэункъым,
Къритхат ар Тхьэм си натІэм, сыкъельыну къыщІэкІынкъым».

Автандил къопсалъэ: «СщІэркъым а жыпІам жэуап хуэсщІынур!
Губзыгъагъэ къыпфІэщІыжу къызжепІащ ар. Сыт-тІэ тщІэнур?
Сыт щІимыщІэр Алыхьталэм гу уІам сэбэп хуэхъунур?
Арщ тезысэр насып жылэр, къэзыгъэкІри арщ гъэгъэнур.

Лъагъунытгъэр дыдж тщищІыну Алыхьталэр сыткІэ хуей?
ЗэпищІэнкъым гъащІитІ, фІэфІу, хидэн папщІэ бэлыхь Іей.
Хьэщыкъ хъуам и гъуэгу бампІэр, - ар зэбгъащІэм хъункъым лей.
Зы мыхъужмэ фи насыпыр, сэри гъащІэ сыхуэмей.

СыткІэ щхьэпэ АлыхьужьыгъэР къигъэдзыхэм нэщхъеягъуэм,
ГъэунэхупІэм щымыхахуэу, пэщІэкІуэтмэ ар шынагъуэм.
Умыдзыхэт, Тхьэр гумащІэщ, ухинынкъым и гущІэгъуэм,
Молэрщ жаІэм емыдаІуэр, уэ едаІуэт уи ныбжьэгъуэм.

Уигу иубыди нэхъыфІщ жаІэр, - ар Іущагъыу ялъытащ.
Ситын папщІэ мы уи пащхьэм, фІыгъуэу сиІэр ІэщІыб сщІащ.

Сурэтыр **Зичи Михай** *ищІащ.*

Жыгей мафІэу щыпщІар си гум яхуэсщІщ нахуи сыкъежьащ.
АфІэкІ сэри зысІэжьэнкъым, тІэкІу куэдыІуи къэтпсэлъащ».

КъызжиІащ мыпхуэдэу щІасэм: «А лІыхъужьым уэ зыгуэркІэ
Щхьэщыпхыфмэ и гукъеуэр, лъытэ пщІАуэ ар сэ щхьэкІэ».
ТщІыщ унафи, мис апхуэдэу си лъэр сэ къэсхуащ мыбыкІэ,
СлъэмыкІПауэ секІуэлІэжмэ, напэтехкъэ ар си дежкІэ?

УкъедаІуэм нэхъыфІщ бжесІэм, псалъэ куэдым ухэмыту,
Нэхъ Іуэху гугъури блэжьыфынущ утегушхуэм, уимыкІуэту.
Зы къэкІыгъи къэгъэгъэнкъым зыхуей дыгъэ имыгуэту,
Сыпхуэхъунщ къуэш пэж, ухуеймэ, Іуэхуу уиІэр къыбдэсІэту.

Псэу иджыри япэм хуэдэу уи пІэм уису - ущхьэхуиту,
ГъакІуэ дахэу уи зэманыр, гуауэщхьэуэ ухэмыту,
Иджы хуэдэу зэкІу-зэкІужу, нэжэгужэу, лъэрытету,
ЗыІыгъ быдэу, умыдзыхэ, къекІуа нэпсым кІуапІэ епту.

Аращ лъэІуу сэ пхузиІэр. Ильэс дэкІмэ, ар зэгъащІэ,
Сэ къэзгъэзэжьнщ мы щІыпІэм, къыпхуэсхьыщи хъыбарыщІэ.
ДызэІущІэжьнщ накъыгъэм, щІылъэр щхъуантІэу щыщІэращІэм,
Розэ гъагъэхэри гуакІуэу я щыхьэту си зэІущІэм.

Уэста пІалъэр и кІэм нэсрэ, къэзмыхьыжмэ уи деж си лъэр,
Бжы си гъащІэр къэзбгьынауэ, къысслъэІэсу удын хьэлъэр.
Ухуейм, гуфІэ абы щыгъуэ, ухуейм, хуит щІы уи нэпсылъэр,
Сэ си дежкІэ куэд и уасэщ зы нэпс ткІуэпсыр, уи зы псалъэр.

Мы бжесІахэм ищІыІужкІэ гуауэ дауэ я къоІэн?
Е, шым сидзрэ, сиукІ хъумэ, е тенджызыр хъум тепІэн?
Былым бзагуэм фІэкІ щыІэнкъым ар, щэху ищІу, зыбзыщІын,
Си насыпым кІэ хуэхъунур иджыпсту сэ сыткІэ сщІэн?»

Тариэл жэуап къетыжыр: «СщІынкъым псалъэр сэ кІыхь Іей!
СощІэ, пфІэфІкъым уедэІуэну щагъэнышкІукІэ псалъэ ей.
Пэж къыбжиІэм уи ныбжьэгъум, ар тІу пщІыну сыткІэ хуей?
Абы щыгъуэ щэхуу щыІэр нахуэ хъунщи, хъунщ сэтей.

СыпщІын хуейкъым гущІэгъуншэ, стелъ хьэзабыр уэ щыплъагъукІэ,
Губгъуэм ситми, си пІэм сисми, тІури зыщ ар сэ си дежкІэ.
ЗэкІуэкІами си акъылыр, содэІуэнщ, Іуэху сыщыпщІакІэ,
Ауэ сэ слъэкІыну пІэрэ сыппэплъэну апхуэдизрэ?»

ЖаІа псалъэм темыкІыну, тхъэ зэхуаІуэри тэджащ,
КъуакІэ-бгыкІэхэр щІащыкІри, бжэн зырызи къаукІащ.
ТІури нэщхъей дыдэ хъуауэ, я хэщІапІэм нэсыжащ,
Пщэдей махуэм щІэгупсысу, зэдэгуІэу щІадзэжащ.

ФыІущІэнущ хьэзаб фэри, мыбы еджэхэр, зэвгъащІэ!
ГъащІэм гуитІыр зэкІэщІичмэ, зым лъэкІынур сыту мащІэ.
ГъащІэм щыщкъым къэбгъэщІ махуэр,
ныбжьэгъуфІыр хъум ппэІэщІэ.
Ар зымыщІэр, хуей-хуэмейми, и гухэщІым къыхегъащІэ.

ПщэдджыжьыкІ, шыбгым исхэу, сэлам пщащэм кърахыж.
Автандили Тариэли магъ, Асмати мэгуІэж.
Я нэкІущхьэхэр нэпс пщтырым кьигъэпІауэ, гъыбзэ къабж,
Я гъы макъыр бгы къуапэжьхэм джэрпэджэжу зэпадзыж.

Арти, йожьэхэр лІыхъужьхэр, ихузауэ лъагъунытгъэм.
Асмат гъыбзэрт: «АслъэнитІыр фыкъыхуигъащІати лІыгъэм,
Жыр псыхьауэ фи Іэпкъпхъэпкъыр, фи гуащІагъыр йофІэкІ дыгъэм,
Сэри сохь си гъащІэр мыгъуэу, сыкъылыпщІу гууэ ныгъэм».

Зэбгъуруту лІыхъужьитІыр, бгым щхьэдохри тохьэ тафэм,
ЩІылъэ гъунэм лъэр нахуэри, жэщ хэщІапІэ ящІ хы Іуфэр.
Зэбгъэдэсщ нэху щыху зэпсалъэу, гухэлъ ІэфІхэр я псэльафэу,
ЗэпэІэщІэ зэрыхъунур я гум къэкІмэ, покІыр я фэр.

Автандил къопсалъэ: «Ди нэм зы нэпс ткІуэпси щІэмытыж.
Ущыдуат уэ Придон нэхърэ, щыпщІам мэзыр нэхъ гупыж.
Ди мурадым хуэкІуэ гъуэгуэум къыщыщІедэж мис абдеж,
СыбгъэщІамэ хъунт и гъэгур, сыкІуэн хуейщи Придон деж.

Тариэл абы жреІэ Придон деж екІуалІэ гъэгур,
ГурегъаІуэ, зэрыльэкІкІэ, къызэфІэнэ пэтми и гур:
«КІуэ, къуэкІыпІэмкІэ унэтІи, щыпІейтеймкІэ тенджыз щыгур,
Си хъыбархэри хуэІуати, схуэщІ гъунэгъу къуэшыфІым и гур.

Щыхь къаукІри къахь, ягъажьэ, лІыхъужьитІыр мэтІыс шхэну.
Ауэ куэди яхуэшхакъым я гур хуэкІуэ, хэщІапІэ ящІ хы Іуфэр.
ЩащІ пІэщхьагъ жыг щІагъ удыпщІэм, зрагъэщІкэ, тІэкІу жеину,
Зэм ІэфІ дыдэщ мы ди гъащІэр, зэм дыджьщэщ, уилІыкІыну.

Зэрахыжыр сэлам гуапэ, пщэдджыжь пшэплъым дэушауэ,
Гухэлъ псалъэхэр зэпадзыр, я бзэ ІэфІхэр хуэ ущхуат ящІауэ.
Я нэкІуитІым къожэх нэпсыр псыхьэлыгъуэу, щІидзэжауэ,
ЗэбгъэдэтхэщІ зэшэкІауэ, ІэпкъпхъэпкъитІыр зы хъужауэ.

ЩІэтщ я нэгум нэщхъеягъуэр, яфыщІыж я щхьэцыр ІитІкІэ,
ЗэбгъэдокІри ягу пымыкІыу, щІохьэж мэзым щхьэж и гъуэгукІэ.
Зэподжэжьир а ГъуэкІэ, зэпэІэщІэ дыдэ хьуэхуэ Іэ.
Дыгъэ кьепсри мэхъу нэхъ фагъуэ, нэкІу нэщхъейхэм къипсэхункІэ.

XXXIX
Автандил Придон деж макІуэ

«Дуней хьэхуурэ бзаджащІэ, сыт бэлыхь дыщІыхэбдзар?
ДыщІызебдзэр сыт мыпхуэдэу, дэ ди гъащІэм сыт къуищІар?
Хэт сэ схуэдэу пхуэжьІэщІэр, сыт си нэпсыр уэр щІэпщІар?
Ди Тхьэм игъэхьэрэмынкъым гуфІэгъэуэншэу Іуупсэм щІар!»

Ахэр жиІэу, и гур хэщІу, Автандил ирокІуэ гъуэгум.
Пещэ: «Ар сэ щызмыщІыхум, гугъу сыдехьу, щІэтт си нэгум.
Иджы хъуащи ар спэІэщІэ, нэхъ Іеижу хощІыр си гур,
Дунейм теткъым щІыхуитІ зэщхьу, дэлъщ куэдыІуэ я зэхуакум».

ХьэкІэкхъуэкІэу губгъуэм итым псы яхуохъу абы и нэпсыр.
Сыт имыщІэми лІыхъужьым, кІащхъэ хъуркъым мафІэ зысыр.
Тинатин къихьэхукІэ и гум, нэхъри гущІэ нэхъу мафІэсыр,
ЩІэмыкІыжу щІэтщ и нэгум, гурэ псэкІэ зыщІэхъуэпсыр.

Мэхуэлажьр гъагъа розэр, жьыбгъэм щихур едыныщІэ,
Абджьпс дзакІэхэм я нурыр щІыху-хужьыфэу зэщІопщІыпщІэ,
Ауэ ар полъэщ хьэзабым, зыхищІапэми кърищІэр,
ЖеІэ: «Хъуащ спэІэщІи дыгъэр, абы си гур егъэхыщІэ».

«Дыгъэ, - жеІэ,- уэ уи нэхур Тинатинщ къызыбгъэдэкІыр,
Фэ фи нурым дунеишхуэр къигъэнэхуфын хулъокІыр.
Уэ уи теплъэра хъунщ, дауи, сэ ахьмакъым зифІ къызэкІыр,
Сыт-тІэ сэ Іумпэм сыщІэпщІыр? Ар мы си гум къощІыІэкІыр.

Дыгъар тІэкІу тщхьэщыкІуэтыхукІэ, щІыІэтыІэ къохъур и кІэр,
ЩІыІэм дауэ симысынрэ, зэу дыгъитІ ІэщІыб щысщІакІэ?
Уз зыхищІэркъым къыр джабэм, гузэвэн ар гууэ щхьэкІэ?
Сэр хуэхъункъым сабэп узым, ар уІэгъэм нэхъри хэпІукІэ».

ЙолъэІу дыгъэм гъуэгурыкІуэр, нэщхъейщ, уафэм допсэлъей:
«Тепщэу щыІэм уэрщ я тепщэр, уэрщ гуфІэгъуэм и пкІэлъейр;
Уэрщ зыІэтыр насыпыфІэр, насыпыншэм тох и лейр,
СыІугъаплъэт-тІэ си щІасэм, кІыфІ сщумыщІу мы дунейр.

Схуэгъахъуэт, Зуал , гуІэм, гууэр гууэжкІэ гъабагъуи,
Бэлыхь хэдзэт нэхъри си гур, щІыкъатиблкІэ сегъэжэхи.
УфІэмащІэм хьэлъэу стелъыр, къысхущІыгъут уэгум къихи,
СхужеІэж икІи си щІасэм: «ТекІуащ нэпсыр гугъэм!» - жыІи.

Муштар , уэри мы си гуІэм, хэплъи плъэкІыху гугъу къыздехь,
ГуитІыр ІэфІу зэныкъуэкъуми, гъащІэр мыгъуэу тІуми дохь.
Си гукъеуэр нэхъри хьэлъэ сщыпщІу, уэ гуэныхь къомыхь,
Сэ сызахуэщ, ар зэгъащІэ,- си гум телъ уІэгъэм щыхь!

Марихъ , уэри лъэІу пхузиІэщ: сигу пкъутэныр гъэгупыж,
Лъы къыпыжри афэ джанэм псынэ папщІэу схущІэгъэж,
Сэ и бампІэм сызэрихьыр си нэху закъуэм схужеІэж,
Уэри уощІэ си гум щыщІэр, - дунейм теткъым сфІэІэфІыж.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ

МафIэ къызыпих Ахъмэт Мусэбий

Къызыхэхъухьа лъэхъэнэр лэжьыгъэшхуэкIэ зыгъэнщIа цIыху щыпкъэ Ахъмэт Мусэбий ящыщ езыр псэуу зи цIэр лъэпкъым и тхыдэм дыщэпскIэ изытхэжа адыгэлI нэсхэм. Абы и щыхьэтщ тегушхуауэ къикIуа гъуэгуанэ бгъуфIэмрэ и гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуа пщIэмрэ.

МЫ ГЪАЩIЭМ Iэхуш-хуэхэр къызэрыщыпэплъэр ищIэ нэхъей, къраГъэза дзыхьым иригушхуэу жэуаплыныгъэ ин зыпылъ гъэзугум техьауэ щыта Ахъмэт Мусэбий «ЛIыхъужьхэм я ЛIыхъужь» жриГъэIаш, лъэпкъылI нэсым и зэфIэкIыр къэрал псом хэIущIыIу щищIащ, щIылъэ-анэм зэрибгынэр и къэмылэнджэж лэжьыгъэмкIэ игъэпэжащ.

ЛIыгъэ щызэрахьм, ЛIыхъужьхэри щыIэщ. И Iэнатlэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ инхэм къапэкIуэу, 1966 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ, Ахъмэт Мусэбий ХьэпIыпIэ и къуэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Комсомол лэжьыгъэм къыпэрашу, КПСС-м и Шэджэм райкомым ятIэ секретару щагъэкIуам, Мусэбий илъэс 30 ирикъуа къудейт. А дзыхьыр къезыгъэзахэр щыуатэкъым. ЦIыхухэм, и лэжьэгъуэм я нэгу щIэкIырт Ахъмэтым и пщIэр зэрилIегъыжыр, адрейхэм ейр зэрилъытэр, къраГъэза дзыхьыр зэрырIэлъапIэр. А псори маХуэ къэс далъагъурт. ГъэхэркIуэрт, зэрызэпIэзэрытыр, зэрыныбжьэгъуэ пэжыр, зэрытегушхуакIуэуэзщIакIуэр налуэ къэхъурт. Партым и Бахъсэн райкомым и ятэ секретару щыхах а псори къамылъытэу къэнакъым. А здагъэкIуами и къарум щеблэжакъым. Iэхум нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу къэзыпэхуэтэф унафэщым и зэфIэкIым зыкъызэкъуихырт, илэжьхэр цIыхухэм, псэуныгъэм зэрехьэлIар и напщIэм телът. Мурадыфlхэм я зэхэублакIуэти, гъунапкъэщIэхэр и плъапIэт, зытриухуам пьэмылэсауэ етIысхьнытэкъым.

Аруан щIыналъэм тхьэмадэу щагъэкIуам, Мусэбий и къаруилъытагъуэ дахэт - илъэс 40-м зэрыщIигъуа щыIэтэкъым. ЩIыналъэ инт, колхоз пщыкIуэ щызэхэтт, совхозхэр хы хъурт, промышленнэ предприятэхэр, ухуакIэ орга-низацэхэр, еджапIэхэр, щэнхабзэ-уэзщIакIуэ Iэхуущlапlэхэр, нэгъуэщIхэри щыкуэдт. А псоми илъэсыщт, и нэIэ ятригъэтт. «МафIэр къызыпих секретарь», «мафIэ зэщIэгъэнэ секретарь» щIэ лейхэр зытеIукIа Ахъмэтыр ипэжыпIэкIэ куэдым хунэсырт, зи къалэным пэмыльэщым е ирагъэза дзыхьыр зымыгъэпэжым парт Iэнатlэм зыщригъэIэжьэнутэкъым.

Жыгым и къуэпсыр жыжьэ идзамэ, ар пкъыфIэщ, бжьыфIэщ, къарууфIэщ, щIыIэми, уэгъуми, жьыбгъэми щыщынэрэкъым. Апхуэдэущ Ахъмэтыр зэращIэжыр. МафIэ зэщIэгъэнат, зыщригъэпсэхуу и псэр етауэ щылажьэм дежт. И гъащIэ псор абыкIэ гъэнщIати, зыкъригъэлынутэкъым. Iэхум и кIэм псалъэр пхуригъэувэнутэкъым, сыткIи щапхъэ пхуэхуфынут.

ХужаIахэр абы и щыхьэт наIуэт:

«Ныбжьэгъу Ахъмэтыр республикм и лэжьакIуэ нэхъ жыджэр дыдэхэм ящыщщ. Аруан районым и цIыхубэ хозяйствэм и Iэнатlэхэр Iэкlуэлъакlуэу еунэтI. Мэкъумэшэкlэр щэнымкIэ къалэщыт ильэситху планыр проценти 128-кIэ ягъэзэщIащ».

Мэлбахьэ Тимборэ.

«Гупсысэ узыншэ къызыпкърыкI цIыхур Iэхум епсыхь, щхьэмыгъазэщ, ерыщщ икIи емызэшщ. Мис апхуэдэущ Ахъмэт Мусэбий зэрыщытар. Мы дунейм щыхуиха гъащIэ мащIэр къырихьэлIэхункIэ, а щIыкIэм быдэу тету, хэкумрэ лъэпкъымрэ хьэлэлу яхуэлжьащ, и фIы куэд бэм яригъэкIащ. Араща абы и цIэр щIытфIэлъапIэри и фэеплъыр мыкIуэдыжьын зыщIри».

Дохъушокъуэ Мусэ.

«Сыт хуэдизи псалъэ гуапэ хужаIэми, тратхыхьми, Ахъмэтым кърихьэлIа Iэжьыгъэм елъытауэ, ахэр сфIэмащIэщ. Сыту жыпIэмэ, ар цIыху къызэрыгуэкIтэкъым, щIэ куэдым и зэхуублакIуэт, я тегъэгушхуакIуэт икIи я пхыгъэкIакIуэт. Абы къыщIэна Iэужьыфlхэм уримыгушхэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэлl нэсым и цIэри и Iуэхущlафэри мыкIуэдыжьыну къытхуэнащи, и фэеплъым щIыгъуу дапщэщи ягъэпльэпIэнущ».

Зумакулов Борис.

«Творческэ цIыхур зи зэфIэкIри зи щIэныгъэри лэжьыгъэм езытырщ, кьыбгъэдэкI гуапагъэмкIэ дахагъэ хэзылъхьэрщ, дапщэщи щIэ гуэрым ухуэзыгъэущыщ. Абы и лъэныкъуэкIэ си дежкIэ щапхъэщ си ныбжьэгъуфIу, къызэрымыкIуэу цIыху гуфIэгъэу, гупсысэ къызэбгкIыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъмэт Мусэбий. АбыдежкIэ лэжьыгъэм нэхъапэ щыIэтэкъым. Ар и гъащIэм и зы Iыхьэт, и цIэмрэ и щхьэмрэ зыгъэинт».

Темыркъан Юрэ.

ЦIыхУР мы дунейм кьытохьэ хуэфащэу зэтетыну, Iуэхуфlхэр илэжьыну къыпэщыту. Абы и зы щапхъэ хьэлэмэтщ гъуэгуанэ бгъуфIэ къызыкIуа, лъэужь дахэ къъэзыгъэна, бэм я гум Iэфlу кьинэжауэ зи хьыбарыр ноби зэIэпах, зи фэеплъыр лъапIэ Ахъмэт Мусэбий и дуней тетыкIамрэ кьибыргъкIыу икIи куп-щIафIэу къигъэщIа гъащIэ мащIэмрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.



● ТхыгъэщIэ

ЩIыналъэм и фэеплъхэм я къэхутэныгъэ

Иджыблагъэ «Тетраграф» ООО-м къыщыдэкIащ Аппаевэ Жаухар и «Монументальная скульптура Кабардино-Балкарии» тхылъыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и монументальнэ скульптурэм и япэ щIэныгъэ къэхутэныгъэ къалытащ мы тхылъыр. Аппаевэм щIыпIэм и фэеплъхэр щыгэпкърех, абыхэм я щхьэхуэныгъэхэр къыпылытэу.

Зи бжыгъэр 500 хъуэу къыдэкIа тхылъым фэеплъ 250-м нэблагъэ къызэщIеубыдэ. Апхуэдэхэщ, Хэку зэуэшхуэм, Совет Союзым я ЛIыхъужьхэм, сэлэт мыцIыхуэхэм, кхъуэкIыпхъэзэухэм, тхакIуэхэм, анэхэм, щIэныгъэлIхэм, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, нэгъуэщI цIыху щхьэхуэхэм я фэеплъхэу, бюстхэу щыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щагъэувахэр. Ахэр скульптор, архитектор цIэрыIуэхэу ТхьэкIумашэ Михаил, Уэзы Заурбэч, Бжэлъмых Хьид, ГъукIапщэ Арсен, Мату Заур, Славников Всеволод, Катони Станислав, Мыд Iэсият, Вуколов Олег, Палагашвили Рубен, Асанов Владислав сымэ я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Лэжьыгъэхэр зыщIа скульпторхэмрэ архитекторхэмрэ я зэфIэкIым къыпетевыщащ Аппаевэр. Апхуэдэу тхылъым ихуащ фэеплъхэм я сурэтхэри. Аппаевэ Жаухар зыуфIэуауэ топсэльыкъ фэеплъхэр щагъэувэ щIыпIэхэм, абыхэм я тхыдэм, ахэр щIагъэувам.

Тхылъым ихуа фэеплъхэм блэкIамрэ нобэмрэ зэпащIэ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ар зыхуагъэувакъэр цIыхухэм ящымыгъэгъупщэнымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Псори зэфIэкIауэ къащыщыхъум...

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - МИТОС (Новочеркасск) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэ1ум и 18-м. ЦIыху 800 еплъащ.

Судьяхэр: Верулидзе, Тибилов, КIасэбий (псори Владикавказ щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Тебэрды, Дашаев, Мурачев, Дзыхьмыщ (Ахриев 59, Мэкъуауэ 90+2), Дроздов, Семенов (Гъурф, 53), Бажэ (Пlуп, 68), Крамаренкэ (Каркаев, 52), Гугуев.

МИТОС: Антипин, Матвеев, Ящук, Шаповалов, Олисаев (Тиморгалеев, 55), Бевеев (Кулигин, 61), Калашников, Смольский, Феколкин (Войнов, 54), Лазарев (Тазетдинов, 85), Сугак.

Топыр дигъэкIащ: Каркаевым, 87 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Олисаевымрэ Смольскэмрэ.

НОВОЧЕРКАССК и МИТОС-м ди щIалэхэр зэхьэзэхуэ кIуам хуабжьу гугъу иригъэхьащ. Илъэс нэблагъэ ипэкIэ ар Налшык щытекIуащ (1:0-у), хэгъэрейхэм я гур ирахьу. Пэжщ, иужькIэ «Спартак-Налшыкыр» абы и стадионым щыхурикъужащ (2:1-уэ), ауэ новочеркасскдэсхэр зэыхуэсакъым хуей командэу зэрыщытыр псоми къагурIуащ.

Вэсэмахуэрейри тыншакъым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэр МИТОС-м щIагъэу дыдэу иримыгъэжьами, джэгугъуэ блэкIам «Черноморец»-м и очкоитI фIигъэкIуздат. Ардыдэр щилэжьыну хуейт Налшыки.

«Спартак-Налшыкым» зэщIэкъуауэ икIи и джэгукIэм удихьэхыу зэIущIэм щIидзащ. Абы и ебгъэрыкIуэныгъэхэр лъэщт икIи куэдкIэ уэзыщIыгуфъ хъунут. АрщхьэкIэ хъэщIэкэри хуэмыхухэм ящыщтэкъым. Ахэри кIэзымыплъэкIыу ипэкIэ щыкIуатэ куэдрэ къэхъурт. Апхуэдэ щIэдзэкIэр, дауи, топджэгум еплъыну къэкIуахэм хуабжьу ягу ирихьырт. Ауэ футболыр зыгъэдахэр абы щыдагъэкI топхэращ. Ахэр щыIэтэкъым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIи джэгум и теплъэм зэрызихъуэжа щыIэкъым. ЛъэныкъуитIри хущIэкъурт топ дагъэкIыну, арщхьэкIэ я насып къикIыртэкъым. Апхуэдэущ зэIущIэр и кIэм нэблэгъащ.

Псоми къащыхъуат зэпэщIэтыныгъэр зэрытемыгъакIуэу иухыну. Нэхъ тэмэмри арат - тIуми очко зырыз нэхъ мыхъуми яхуэфащэт. АрщхьэкIэ иужь дакъикъэхэм джэгур апхуэдизкIэ къызэщIэплъати, къызэхуэсахэм иджыри къэс ильэгъуар ящригъэгъупщэжащ. Гугуев Магомед хьэщIэхэм я гъуэм лъэщу еуэри, штангэм топыр тригъэхуащ. Ар къыщылъеижьым Каркаев Алим щхьэкIэ едыркъыжри, бжыгъэр къызэIуихащ.

Джэгур иухыным къэнэжар дакъикъэ зыщыплIт. Иджыри къэс яхуэма очко закъуэр хьэщIэхэм къраГъэлын хуейт. Ар яхуэзфIэкIыным зымащIэ дыдэщ иIэжар. МИТОС-м и футболистхэм ящыщ зыр зэуа топыр гъуэм дэкIыну нэсыпат, Тебэрды Тимур абы къыщригъэзэам.

Арати, джэгум и кIэухым гъащхьэхъумэ Каркаев Алим «Спартак-Налшыкым» хэту япэу дигъэкIа топым текIуэныгъэ къахуихьащ. Абы щыгъуэми зэхьэзэхуэм пащэныгъэр щызэбыда «Iэфlпсым» ди щIалэхэр ялъэщIыхьэжьфакъым. Ар бжыгъэшхуэкIи и стадионым «Астрахань»-м щефIэкIащ.

Зэпеуэм япэ текIуэныгъэр щызэIэригъэхьащ Мейкъуапэ и «Дружба»-м. Адыгейм и къалащхьэм абы Нэзрэн и «Ангушт»-р щыхигъэщIащ икIи иужь дыдэ увыпIэр ибгынащ.

Адэкlэ щыгуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щыIа джэгугъуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:1**, **«Iэфlпс»** (Iэфlпс) - **«Астрахань»** (Астрахань) – **4:0**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **0:2**, **«МашыкъуэкIмВ»** (Псыхуабэ) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **1:0**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **3:2**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **3:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщхьэуIум и 25-м щыэзэхэтынущ. А мазхуэм «Спартак-Налшыкыр» Ставрополь къалэм щыIпIэ командэм щIыIущIэн хуейщ, арщхьэкIэ ар яГъэIэпэхьуэнущ, къыкIэлъыкIуэ махуэм, щыщхьэуIум и 26-м, Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм ди щIалэхэм Астрахань и «Волгарь»-р къыЗэрыщщрагъэблигъэнум къыхьэкIыу. Абы теухуа хьыбар нэхъ иужьыIуэкIэ фдгъэщIэнщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «IэфIыпс»	5	5	0	0	9-1	15
2. «Спартак-Налшык»	5	4	1	0	9-1	13
3. «Черноморец»	5	3	1	1	9-4	10
4. «МашыкъуэкIмВ»	5	3	1	1	8-5	10
5. «Краснодар-2»	5	2	2	1	10-5	8
6. «Астрахань»	5	2	1	2	5-8	7
7. «Ангушт»	5	2	0	3	6-6	6
8. СКА	5	2	0	3	4-6	6
9. «Динамо-Ставрополь»	5	1	2	2	7-7	5
10.МИТОС	5	1	2	2	4-7	5
11.«Биолог-Новокубанск»	5	1	1	3	4-9	4
12.«Дружба»	5	1	0	4	5-13	3
13.«Алания»	5	0	3	2	2-6	3
14.«Тэрч-2»	5	0	2	3	2-6	2

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур шыщхьэуIум и 22-рщ.

ХьэтIэхъу МуIэед и щапхъэ

● Дэ къытхуатх

Хабзэм и къигъэхъуапIэщ Инарыкъуэ жьлэжьыр. Адыгэ хабзэ зезыхьэ дэтхэнэми хуэдэу, дарэ жьы хъуам пщIэ хуэтщIу, ар гулъытэ щыдмыгъащIэу дыкъоГъуэгурыкIуэ. «Жьыгъэр псом къытпэщылъщ, жьым фымыщI и жагъэ», - жиIащ усакIуэм. Мис а хабзэ дахэр зи Iэпэгъу бзылъхъугъэхэр дэсщ ди къуажэм. Я цIэр къисIуэнут Щомахуэхэ Елизэветэ, Маритэ, Заридэ, Джэрмэшык Джульеттэ сымэ. Зи гугъу сщIахэм хэти и гуащэ, хэти и тхьэмадэ шыпхъу Iэрызехьэу зэрихьащ. Абыхэм яГъэльэгъуащ адыгэ бзылъхъугъэ нэсым хэлъыпхъэ цIыхугъэр.

ЗэрытщIэщи, цIыхугъэр цIыхухъу цIыхубзкIэ игуэшыркъым, ар цIыхур щапIа унагъэрщ зэлъытар. Зи гугъу фхуэсщIыну ХьэтIэхъу МуIэеди фIыуэ кьыщIалъагъур и цIыхугъэмрэ хабзэ зэрыхэлъымрэщ. МуIэед и адэ Мухьэмэд зыуэм хэтащ. ГъащIэм и гъурри и цIынэри зылъэгъуа адыгэлIым и бынэр хабзэм къыхуигьэтэджащ, гугъуехым щымышынэу иригъэсащ.

Лэжьыгъэм я нэхъ хьэлъэ пимыкIуэт щIалэр колхозым хэтащ, илъэсийм нэблагъэкIэ колхоз тхьэмадэм и гузехуэу лэжьащ, абы рулыр иIыгъмэ, ущIэгъуэзвэн щыIэтэкъым. МуIэед и шыпхъу нэхъыжьымрэ абы и щхьэгъусэ Таузинрэ бын зэдамыгъуэтами, щIалэфIым ахэр бын зиIэм иримыгъэхъуапсэу ябгъэдэтащ, хуэзфIэкIыкIэ защIигъэкъуащ. Апхуэдэ гу къабзэ зиIэ дэпхъум и шыпхъур къыхуэарэзыщи, фIыщIэ хуищIын ешыркъым.

Езы МуIэед унагъуэ дахэ иIэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Кларэрэ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ зэдагъэуэтащ. Я быныр яхуэфащэу къагъэтэджыфащ, абыхэм я быныжу 9 яIэщ зэщхьэгъусэтIым. Куэд щIакъым МуIэед и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъури, дохьуэхъу и гъащIэр дахэу, зэщхьэгъусэтIыр зэкъуэту, бынхэр яхуэзыгъэшнэу, щIэблэм я хъер яльагъуу псэуну.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.
Инарыкъуей къуажэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЬкъэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхухъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iэхуущlапlэхэм ядэлжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэжьнымрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэхуущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iэхуугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъэм.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэхуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхуущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щыгъэдзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ траддэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1412